ЗОЛОТОЙ ФОНД ПРЕССЫ 2023

ISSN 0132-9723

1.2023

Магlарулай

С праздником 8 Марта!

Тимур Кагиров. «Маки», х. м.

РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

ЦIилъиялъе даим ахIулеб дир кечI...

Нилъеда лъала гьаб 2023 сон Россиялда кIудияв шагIир Расул ХIамзатовасул сонлъун лъазабун букIин. Гьесул цIаралги шапакъаталги рикIкIун хIалкIвеларо: ункъо Ленинил орден, Октябралъул революциялъул орден, лъабго ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ орден, халкъазда гьоркьосеб Гьудуллъиялъул орден, «ВатIаналъул тIалаб тIобитIаралъухъ» III даражаялъул орден, Апостол Андрей Первозванныясул орден... Гьев вуго Ленинил, СССРалъул ва РСФСРалъул Пачалихъиял премиязул лауреат.

Расул ХIамзатовасул Сонлъун 2023 сон лъазабуни лъикIаб букIинилан пикругун тIоцеве кIалъана Дагъистан республикаялъул бетIер Сергей Меликов. Гьесул пикруялъул рахъ ккуна Россиялъул президент Владимир Путиница. Дагъистаналъе гуребги, Россиялъего Расул ХIамзатовасул цIаралъул тIадегIанлъиялъул ва кIодолъиялъул бицана Владимир Владимировичас.

«Халкъияв шагIирасул I00 сон тIубай кIодо гьаби – гьеб вуго Россия гIемер миллатазул, бечедаб маданияталъул, кIудияб пачалихъ бугилан ахIун дунялалдаго рагIизабизе цIакъ лъикIаб рес. ШагIирас щибаб жиндир асаралъулъ хъвана гьудуллъиялъул, вацлъиялъул, рокьул, яхI-намусалъул хIакъалъулъ – жакъа цIакъго хIажат буго гьеб рухIияб бечелъиялде кIвар кьезе» – йилан абуна жиндирго кIалъаялда Дагъистаналъул БетIер Сергей Меликовас.

ХIамзатил Расул вуго заманалъулги бакIалъулги гIорхъи гьечIев шагIир.

Гьесул цIарги гьунарги буго нилъер киназулго чIухIиги, цIарги, гьеб ккола гучаб, гьайбатаб, ракI гIатIидаб Дагъистаналъул, гIакъилал магIарулазул ВатIаналъул сипат. «Рорхатал чIухIарал мугIрузул улка ГIадамазул рекIелъ хасаб цIа бугеб» – гьеле Расулил Дагъистанги дагъистаниялги!

Бищунго тIадегIанал, бищунго берцинал рагIаби хъвана кIудияв Расулица чIужугIаданалде - эбелалде, ясалде, йокьулелде. Рокьиги гьесул лирикаялда Пушкинил гIадин тIадегIанаб ва ракI- ракIалъулаб буго. Рокьи кколеб буго чорхол цебетIеялъеги, тIадегIанаб мурадалде щвеялъеги, гIумруялъул хехаб чвахиялде дандечIеялъеги бугеб нухлъун.

Бищун рокьулел тIахьалги каранде къан, рекIее асар гьабулел кучIдул цIалулаго, шагIирасул гIакъилал рагIабазул пикруялда, гьев лъалел рукIарарал, гьесухъ гIенеккизе щварал талихIал гIадамазул ракIалдещвеязухъ гIенеккун… – рекIелъ кIудияб рокьигун гьаб 2023 сон тIобитIизе нилъее кумек гьабизе буго нилъер ХIамзатил Расулица!

ЛъагIалил байбихьуда, «Дир Дагъистан. Нилъер Расул» – илан абураб музыкалиябгун шигIрияб церерахъиналдалъун, МахIачхъалаялда ГIурус театралда тIобитIизе буго «Расулил сон» рагьи. ТIубараб лъагIалицаго Россиялъул киналниги субъектазда тIоритIизе руго, Расул ХIамзатовасул I00 сон кIодо гьабун, тадбирал: Пачалихъияб Думаялда Расул ХIамзатовасул къоял, республикабазул театразда премьераби, пачалихъиял коллективазул гастроляби. Расулил юбилей кIодо гьабун тадбирал тIоритIизе руго къватIисел хIукуматаздаги: Азербайджаналда, Белоруссиялда, Узбекисаталда ва гьел гурел цогидалги пачалихъазда.

НАИДА КЕРИМОВА

НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:

ДУН ГIУРУС ТАБАСАРАНАЙ ЙИГО 7

Гьелъ ракIалда щвезабуна ИсмагIилица кин жий табасараназул хасият-гIамалалде ругьун гьаюлей йикIараяли. ТIоцее гьесул гIагараб Кандык росулъе щвейго букIанила жиндие гIумруялъул дарслъун. ИсмагIилил эбел-эменги, щибго дагIба ва дандечIчIей гьечIого, разилъанила васасул хIукмуялда. Гьез жий нуслъун къабул гьайи букIанила унго-унгояб рохеллъун.

- Дун ругьунлъана халичаби рессизе, короним чед бежизе, лъазабуна мацI, гIадатал. Дица хIаракат бахъана гьезда релъине ва дирго талихI цIунизе.

РОСОНИР ХИНКIАЛ КЬУРДУН..... 10

Лъедераб цIалкIуялъ росонибе цIалкIула гьалил гIатI (гьолочI-вараб гIатIиланги абула хундерил тIалъиялъул гIадамаз). Бакьулъ гвендги гьабун, тIаде гьарщула цодагьабго ханжу, тIамула цIам, тIола гьалараб лъим ва, цIулал гъудги босун, багъарун, жуба-гъубазабула. Хадуб, квер бухIиларедухъ, буцула. Кинабго данде кIкIван, цо мегIер гIадаб жо гьабула раса бакьулъ, гьелдаги ХIасандалайилан абула.

«ДИЦА ЧIВАНА РОС!»… 26

Цо къоялъ ниж мадугьалихъ шагьаралдаса лъалел-хъвалезул берталъа руссана. Свакка-рай дун цудунго егана ва къаси анцIгоялда йорчIана Арсенил ахIи-хIуралъ. Гьев, гьекъезеги гьекъон, цояб рокъов эменгун дагIбаялда вугоан. Гьениб рагъ-мач ккезе гурилан хIинкъарай дица яцалъухъе ахIана, росгун хехго тIаде щвайилан. Дица телефон гIодоб лъун бахъиналде нуцIихъан ваккана Арсен ва тIадги речIчIун дун гъанкъизе лъугьана.

РАКI РАЗИЯБ ХIАЛАЛДА 28

- 20I2 соналъ Замирал цо кинаб бугониги анищги букIун батила. 2023 соналъ бугебищ гьеб?

- БукIарабха гьебги! 20I2 соналъ Олимпиадалде ккезе! Чанго соналъ хIадурлъулейги йикIана дун гьезде. Амма черхалъе жагьаллъиги лъугьун, кинабго хвана. Гьай – гьай, гьелъ кутакалда пашманги гьаюна. Дие доб мехалда кумекалъе батана Аллагьасда божи ва гьес хъваралда тIадрекъон чIчIезе бажари..

Нилъер журналалъул жакъасей гьобол гьаюна Хунзахъ районалъул тIабигIат берцинаб ГIочIло росулъ. Гьей жийгоги йиго иццул лъимгIан яцIцIадай, мугIрул тIогьалгIан сабурай, сверухълъиго гвангъизабулел тIугьдулгIан недегьай, магIарухъ зобгIан ракIгIатIидай. Буго гьелъулъ цо хундерил руччабазе хасиятаб къвакIиги, сабруги.

ГIумруги буго Нуцалалъул, жийго гIадаб, берцинаб, гIадамазе пайдаяб.

ГЬАЙБАТАЙ МАГIАРУЛАЙ!

Рукъалъул хIалтIи дица гьитIинго гьабулаан. Эбел-эменги, кIудияй яцги нижер кидаго колотIа рукIана – боцIи-панзги хьихьун. Дунги вацалги росулъ рукIана. КIудияв вац вукIана дир цIакъ кьвararав. Школалъул директор кьвararав ва тIалаб цIикIкIаравлъун гьечIого вукIинищ. Цо таричIого нижги гIенеккулаан. Цодагьал хIинкъизецин хIинкъулаан гьесдаса.

Дица рукъ-бакIги бакIарулаан, ретIелги чурулаан, лълъелги цIолаан, квенги гьабулаан. Гьединай гьитIинай хозяйка йикIана дун ва гьеб букIана дир гIумруялъул тIоцебесеб школа.

Росулъ микьго сонилаб гуреб школа букIинчIолъиялда бан, тIасиял классазда дун ГIараниб ясазул школа-интернаталде йитIана цIализе. Гьенибги букIана цIакъ кьвараараб гIадлу низам. Дарсал кьолаан цIаррагIарал мугIалимзаби ГIалибег Жалалудиновичас, Сакинат Камалудиновналъ ва цогидазги. Районалъул школазда гьоркьоб нижер школа кидаго цебесеб кьерда букIунаан. Гьениб малъана дида цебе лъураб мурадалъе гIоло къеркьезеги, гьабулеб хIалтIи рагIалде бахъинабизеги, гьудуллъи кквезеги…

Гьебги букIана цоги гIумруялъул школа.

Школа лъугIигун дун Дагъистаналъул Пачалихъияб педагогикияб институталъул филологияб факультеталде цIализе лъугьана. Гьеб лъугIигун, Гъизилюрт районалъул Комсомольское совхозалъул школалде йитIана хIалтIизе. Дир бетIергьанчи гьениб гIумру гьабун вукIана.

Дунги дир гьудул ПатIимат Каримулаеваги цIакъ школалъул хIалтIуде машгъуллъун рукIана. Гьениб загьирлъана нижее, мугIалимасе жиндирго хIалтIи ва гьабулеб иш бокьулеб бугони, гьеб рокьи лъималаздеги бахинчIого хутIулареблъи.

ЦIакъ гьункараб классалъул нухмалъулейлъун йикIана дун. Нижеца, цIаларал тIахьазул бицунебги, магIарул мацIалда спектаклял лъолелги, гIемераб заман балаан цоцазда аскIор. Цоцаздаса ратIалъизе бокьуларого рукIунаан ниж. Цо нухалъ, гриппги щун, анкьалъ яхъине кIвечIого, рокъой йикIана дун. ТIолабго класс – лъеберго цIалдохъан вачIана дитIе раккизе. Дида ракIалдаго букIинчIелъул гьел рачIинилан (елъулаго). «Гьадаб холодильникалъуб батила нужеда ххенараб гьан. Цо щиб букIаниги кваназе жо гьабизе ккелаха, ясал, нилъеего», - йилан абуна дица. Бихьизе лъикIан нужеда гьез гIуцIцIараб берцинаб стол ва гьарурал тIагIамал котлетал. Кванан рахъаралго, нижецаго школалда лъолеб букIараб спектаклялъул иргадулаб репетицияги тIобитIана.

Хъутабазда лъугьурал росабалъ школал рагьизе байбихьарабго гIуцIана Гъизилюрталда гьел школазул тIалаб гьабулеб Управлениеги. ГIемераб заман иналде, Управлениялде рахьдал мацIазул методистлъун хIалтIизе ячIайилан гьарана дидаги.

Гьений хIалтIулаго, батIи-батIиял школазул цIалдохъабигун ва мугIалимзабигун ниж гIемерал унаан экскурсияз музеязде, театразде, цIар рагIарал шагIирзабазухъе ва хъвадарухъабазухъе. Цо нухалъ бекьечIдерил хъутаналда бугеб ГIарада школалъул цIалдохъабигун ва мугIалимзабигун рилълъана Расул ХIамзатовасухъе гьоболлъухъ. Рокъоб я газ гурого, я ток гурого ватана нижеда Расул. ХьвагIун квералгун гьоболлъухъ унарелъул, нижеца цадахъ росун рукIана цIоросаролъил, гьолочIвараб гIатIал, ролъул хинкIал, бакъвараб гьан, бакь, ражи… Гьеб кинабго жеги хинлъилагоги букIана. АхIулаго некIсияб умумузул кечIгун, кодор кванил нигIматазул тепсиялгун лъугьана ниж шагIирасул азбаралъуре. Лъималаз, нижехъ ругел нигIматазулги бицун, жидецаго гьарурал кочIол мухъалги рикIкIана. Ва кинабго берцинго столалда

рекъезабуна. ЛъикIго нижехъги гIенеккун Расулица абуна, кочIолъ урбаги бачIанилан абулеб букIана нужеца, кибха доб урба бугебилан. Риха-хочун гьеб балагьизе лъугьана ниж. Цо цIалдохъаналъ, жанире лъугьунаго, гортIе бегьун букIун буго.

Расул ХIамзатовас кIудияб гьираялда квана гьолочIварал гIатIал хинкIал, жиндир эбелалъ гьарулаан гьадиналилан. Нижги цIакъ рази рукIана, гьесие нижеца рачIарал нигIматал рокьиялдаса. Релъана, рохана, хабар-кIал бицана. Цинги цо бакьайчIиса мугIалималъ абуна: «Нижеца кидаго цIехолаха, Расул, мун», - илан. «ЦIехезеяли КГБ-ялъги цIехола, амма дие дихъе рачIине бокьула», - йилан, жиндирго къагIидаялъ, махсароялдалъун жаваб кьуна Расулица.

Гьединаб рази-ракияб ахIвалхIалалда нижеда заман араблъицин лъачIо. Гьес нижее жиндирго автографалги хъван тIахьалги сайгъат гьаруна. «Гьанже мунги свакан ватила, ниж рахъина», - йилан, рагъарана ниж рокъоре. «Щаялиго жакъа дун сваказего свакачIо», – йилан, кавудахъе щвезегIан ниж тIоритIизе вилъльана Расул. БичIчIулеб букIана лъиениги ратIалъизе бокьун гьечIеблъи, – йилан лъугIизабуна Нуцалалъ хабар.

ХIалтIи буго Нуцалай СайгиахIмадовналъул цIакъ жавабчилъи кIудияб. Киналниги хъутабазул школазе нухмалъи гьабулеб Управлениялъул жавабияй методист Нуцалай республикаялъул лъакьеялъул хъулухъалда ругел чагIазда цIакъ лъикI лъала. Бокьараб школалде швейгун, гьелъ бищун цебе хIаракат бахъула мугIалимзаби ричIчIизе, тIаде ялагьун лъала гьелда мугIалимасул рекIел хIал, рагIудалъун ва ишалдалъун кIвараб кумек гьабула киназего. Гьединлъидал батила Нуцалай СайгидахIмадовна киназего йокьулейги.

Къамышхъутаналъул авар цIалъул мугIалим Марзият Хангереевналъ гьадин бицана: «Нуцалай СайгидахIмадовналъ цIар рагIарал шагIирзабиги, хъвадарухъабиги, журналисталги ахIун нижер хъутабазул школазда тIоритIарал тадбирал рикIкIун хIалкIоларо. ГIемерисезул гьезул кучIдулги лъала гьелда ракIалдасан, чанги сценаялдасан цIализеги цIалана.

Семинаразул бицани, бищун пайдаял семинарал рахьдал мацIазул мугIалимзабазул рукIинилан ракIчIун абизе кIола дида. Нуцалалъ гьенире ахIула ва нижеда гIемераб цIияб жо малъула бищун лъикIал, хIалбихьи бугел мугIалимзабаз, гIалимзабаз, учебниказул автораз. Хъутабазул школазул мугIалимзабазул цониги суал хутIуларо жаваб щвечIого.

Нижер цIалдохъабазги гIахьалльи гьабула киналниги конкурсазда, олимпиадабазда, гьениса цересел бакIал швечIогоги рачIунаро. Гьелъулъги бищун кIудияб бутIа буго кIвахI лъаларей, хIалтIуда ракIунтарай нижер методист Нуцалай СайгидахIмадовналъул».

Республикаялъул даражаялда бокьараб тадбир бачинеги махщел буго Нуцалалъул. Гьелъул кIалалда бухьун букIуна гIакъилаб рагIиги, данде кколеб кечIги. Жинцагоги хъвала Нуцалалъ кучIдул. Дагьал гьечIо Нуцалалде кучIдул хъварал шагIирзабиги: Залму Батирова, МухIамад ПатахIов ва гьел гурел цогидалги.

Лъабго васасул гьайбатай эбел Нуцалай цIакъго йокьула лъималазул лъималазеги. Гьеле гьединай гIажаибай чIужугIадан, берцинай магIарулай, мисалияй лъади, лъикIай эбел ва бищунго йокьулей кIодоэбел йихьулей йиго нужеда журналалъул жилдалда.

Баху МУХИДИНОВА

Щиб жо кколеб гIумру? РакIалда гьечIел лъугьа-бахъиназул рахасищ, ялъуни къисматалда хъвараб хIалалда букIунеб, къанагIаталги гIадамал рохизаруларе6, хIалбихьиял гIемераб хIакъикъатищ? Гьел хIалбихьияз городай лъадарурев инсан, гьез гуревдай гьев къвакIарав ва къо хIехьолевлъун гьавулев...

ХАСЛЪИГИ, ХАСИЯТГИ, КЪИСМАТГИ...

Дица, «Дербенталъул харбал» газеталъул редактор, дирго пишацояй Татьяна Гьаруновна Мусаидовалда гьикъана, дербенталъулазда релъарай гIадан йигищ мунилан.

- Ятила, гIемерисеб гIумру Дербенталдалъидал дир араб, - иланги абун, гьей лъугьана дие шагьаралъул бицине, гьелъул цебесеб ракIалда щвезабизе ва гьанжеселде данде кквезе. Хадуб, гьираялда байбихьана жиндир лъимерлъи жаниб араб Хасавюрт беццизе. Гьединго гьелъ бицана, жиндир эмен директорлъун хIалтIараб, кирпичал къотIулеб заводалъулги.

– Доб заманалда кирпичазул завод букIана шагьар гIуцIулеб магIишатлъун. – Дида гIемер ракIалде щола гьенив дир эмен Гьарун Атаевич Мусаидов хIалтIулеб заман ва гьесул лъикIал ишал. КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, гьев вагъана Малая земля абураб бакIалда. ВукIана ралъдал пехотаялъул 8 абилеб бригадаялда политруклъун. Гьенир кIиго къоялъ унел рукIарал рагъазул хIасилалда бригадаялда камун вуго I700 рагъухъан. Гьезие кумекалъе рехун буго дагъистаниязул кьвагьдохъабазул 345 абилеб дивизия. Гьеб дивизиягун дандчIвана диргикъисмат – жакъа Дербенталда дица гIумру гьабулеб къватIалда буго гьеб дивизиялъул цIар…

Татьянал эбел Мария Андреевна йиго кубаналдаса казачка, кьвараб хасияталъул гIадан. ХIалтIулей йикIана гьебго заводалда кадразул отделалъул начальниклъун.

Гьелъул аваданаб гIумруялъе ахир лъуна эмен камураб къоялъ. Обком Партиялъул Бюроялдаса вуссунаго, гьесул машина, кьодаса хъуштIун, гIурулъе бортана ва, хвасар гьавизе щвечIого, эмен хвана.

- ТIолабго шагьаралъул гIадамал рахъун рукIана, бакIал ралев инженер, рагъул гIахьалчи ва лъикIав нухмалъулев хабалъ лъезе. Киналго заводал, хIатта маххул нухгицин чIун букIана гьеб къоялъ. Эбелалъ бицунаан жиндие цIакъ захIмалъулаанила,рукъалъул горда цебе бугеб, басрияб хабзалалъ гьесул заниялда бер чIварабго, - абун бицана Татьяна Гьаруновналъ, магIуги кквезе кIоларого.

ГIУМРУ – ЯШАВ...

- Эмен хведал, дун ресалда ругел гIагарал чагIазухъе кьезе лъикIилан гIагарлъиялъ абулеб букIаниги, эбел разилъун гьечIо. Ахирги гьез дун, гьелъухъа йикъун, ячун ун йиго. Хадуйги, инсул эбел ГIайшатица кумекги гьабун, ятун йиго эбелалда…

Гьединаб лъугьа-бахъиналдаса хадуб эбелалъ хIукму гьабун буго Дербенталде яхъине. Гьенив гIумру гьабулев ва прокурорлъун хIалтIулев вукIарав дир имгIал Хизри. РакIалда буго, дида гIурусс мацI абизегIан лъикI лъаларoан, лъарагIалъ кIалъалаан – кIодоэбел лъарагIай йикIун. ЦIалана дербенталъул, маххул нухлулазул, бищун лъикIабилан рикIкIунеб №I5-абилеб школалда. ГьитIинго байбихьана кучIдул хъвазе. Доб заманалда «Комсомольская правда» газеталда букIараб «Алый парус» абураб рубрикалда тIоцере гьел лъедал, хивал ккана журналистазул факультеталде лъугьине. Амма эбел разилъичIо, рес букIинчIо дун Москваялде йитIизе. Кин букIаниги дун дирго мурадалъе гIоло къеркьелей йикIана ва I4 сон баралдаса байбихьана «Коммунизмалъул байрахъ» абураб шагьаралъул газеталде макъалаби ритIизе. Гьале гьанже лъеберго соналъ нухмалъиги гьабулеб буго дица гьеб газеталъе. Гьение дун хIалтIизе ячIана школа лъугIидал.

ЦІВАБЗАЗДАСА ЭХЕДЕГІАН…

- Дие бокьулаан шагьаралъул гІумруялда гІахьаллъизе, гьанир ругел гІадамазулги ишазулги бицине. Гьединаб гъира-шавкъги бихьун, дун бищунго захІматал бакІаздеги йитІулаан, - абун бицана Татьянаца. – РакІалда буго, цо нухалда дица хъвараб, тохтуразул тІаса-масагояб хІалтІул хІакъалъулъ, макъала. Гьелда цІарги букІана «ХъахІаб халгІаталда тІанкІ» абун. Гьеб букІана кІудияб ахІи-хІур бахъараб лъугьа-бахъин: тохтурас хвезе тун вукІана хвасар гьавизе кІолев чи. Гьеб мехалда бичІчІана дида журналистасул бугеб тІадегІанаб жавабчилъиги, рагІул букІун бугеб кІудияб къуватги.

- Цо нухалда Дербенталде рачІана дагъистаналъул цІаррагІарал журналистал – ДалгІат АхІмадханов ва Петр Маллаев. РачІана гьел редакциялде, регана подшивкаби ва,дир материалалги къабуллъун, редакторасда гьикъана: «Гьай щий кколей нужер?» абун. Гьес ахІана дун ва абуна аслияй журналист йигилан. Гьелдаса кІиго къо индал дун йосун ятана «Комсомолец Дагестана» газеталде мухбирлъун. Доб мехалъ гьелъие редакторлъи гьабулаан ХІажи ГІариповас ва штаталда рукІана гІемерал лъикІал журналистал: Иззет ГІалиев, Сулейман Хаппалаев, Мамлакат Мамаева, Владимир Носов. Гьез, тІалъиялдасаги расги хІинкъичІого, рихьизарулаан ругел гІунгутІаби. Доб заманалда журналистал къиматалда рукІана, - ян абуна Татьяна Мусаидовалъ. – Фотокор Фёдор Зимбель… Гьев гьанже дагьазда гурони ракІалда ватиларо, амма вукІана унго-унгояв мастер – художник, дунялалъулго выставкабазда суратал лъезе бегьулев. Гьесул суратазда буго Дагъистаналъул тарих…

Пишацоялъ бицана доб заманалда букІараб чІагояб гІумруялъул, гьелъул чІахІиял церетІеязул, лъикІал гІадамазул хІакъалъулъги. Жинда макъала хъвазе байбихьизе кІолароанила, цин лъикІаб бетІер гьелъие батичІого. Цо макъалалъе лъун букІанила: «ЦохІо гъираялъ тІох бацуларо» абурабги. Гьеб букІанила Гумбет районалда гьабураб репортаж. Гьениб цо школалда батун букІанила чвахулеб тІохги, квачан холел цІалдохъабиги, чиновниказ, хабар бицун гурони, тІубазабичІого тараб хІалтІиги.

- Гьеб макъалалъухъ дие лъикІаб рецц-бакъ щун букІана, пишацояз баркана. Гьеб заманалда телевидениялда хІалтІулев вукІарав ТІалхІат АхІмадхановас жиндихъего хІалтІизеги ахІана.

ТІАДЕГІАНАЗДА ГЬОРКЬОЙ

- ЦІидасаги ккана дун дидаго тІадегІаналлъун рихьулезул кьерулъе, - ян бицана Татьяна Гьаруновналъ. - Дида кколаан гьелдаса кІудияб талихІ букІунарин. Лъалаан телевидениялда творчествоялъулаб цебетІей ккеялъе диего тІадегІанаб лъай къваригІунеблъи. Гьеб дир букІинчІо, амма кинго разилъун, дида тІад къана телевидениялда гІолилазул передачабазул редакторлъи. Байбихьана командировкаби, записал, передачаби. РакІалде ккана заочногІаги цІализе лъугьинилан. Эбел тІирун чІчІана очно гурони цІалиялъул пайда гьечІилан. Гьеб мехалъ лъугьана дун, хІалтІиги тун, пединституталлъул филфакалде. Конкурс кІудияб букІаниги, йорчІана. Лъабго соналъ гьений щуйилаздаги цІалун, росасе ана ва щуабилеб курсалда гьаюна яс. Рос Шамилги ккана Дербенталдаса, гьевги цІалулев вукІана къватІисел пачалихъазул мацІазул факультеталда. Нижеца хІукму гьабуна МахІачхъалаялдаго рукІине яшав гьабун. Институт лъугІун хадуй дун хІалтІана МахІачхъалаялъул Советский районалъул комсомолалъул комитеталда. Хадур, росасулги цІали лъугІидал, гочана Дербенталде. Гьений анлъго соналъ интернаталда гІурус мацІалъул ва литератураялъул учительлъун хІалтІана. Гьединго цо заманалда, росдал магІишаталъул техникумалда этикагун эстетикаги малъана. Амма кидаго гъира букІана, бокьулеб иш - журналистикаялде юссине.

Гьедин ккезеги ккана. «ЯчІа, ячІа, мун цІакъго къваригІун йиго, - ян ахІун бачІана доб заманалда «Коммунистазул байрахъ» газеталда редакторасул заместительлъун вукІарав Багиш Молаевич Багишевас. Йохун, куркьбал рижаралгІадин, йоржун ана редакциялде.

- Дида тІадкъана жавабияв секретарасул хІалтІи, ай редакциялда бищунго захІматаб хІалтІи. Амма дун гьелдаса хІинкъичІо. Дун разияй йикІана гьениб бокьараб хІалтІи гьабизе. Гьеб букІана дир рекІее бокьулеб хІалтІи, - ян бицана Татьяна Гьаруновналъ.

Микьго соналъ жавабияй секретарлъунги йикІун, гьелъ макъалаби хъвалаан «Дагъправдаялде», «Молодежь Дагестаналде» ва республикаялъул цогидалги газетазде. Гьеб мехалда гьей гІемеразда лъана, лъикІаб къимат щвана ва І989 соналъ тана «Коммунизмалъул байрахъ» газеталъул бетІерай редакторлъун.

КЪИСМАТАЛДАСА РОРЧІИЗЕ БАКІ БУКІУНАРО

Гьеб заманалда байбихьана цІигьабун гІуцІиялъул багъа-бачари, гІемераб жо хисана. Ва циндаго шагьаралъул тІалъи лъугьана, щибго лъиего баянги гьабичІого,шагьаралъул газеталъул редактор хисизе.

- Дун нахъе гьайизеги бажаричІого, коллектив жиндирго минаялдаса къватІибе бахъинабизе журана, - ян бицана гьелъ. – Ккана судалда кьезе. Борхана гьеб суал шагьаралъул советалъул сессиялдаги. Гьенибги «Электросталь» заводалъул директор ТІалхІат Мирзабековас гурони дир рахъ ккевчІо. Дица кумек гьабеян гьарана «Дагестанская правда» газеталъул редактор Галина Бейбулатовалда.Гьанжеги баркала кьола гьелъие, доб заманалда дие хІалае чІун, редакция цІунаралъухъ. Цинги администрациялъ ниж тана финансалги къотІизарун ва рагьана «Дербентские новости» абураб газета. Ниж хутІана учредитель гьечІого. Дагьаб заманалъ хьихьун рукІана подпискаялъ. Тиражги букІана І0 500. Амма рес рекъолеб букІинчІо кагъат босизе, харжал кьезе. Лъабго соналъ хьвадана судазде, нижерго минаялда жанир хІалтІизе рес тІалаб гьабун. Гьеб мехалда дида бичІчІана,

судалда бергьаниги, гьенир ниж гIемераб механалъ тIураларелльи…

Гьелъ баркала кьолеб буго доб заманалда газета цIуниялъе кумекалъе ратарал информациязулабгун печаталъул министрасул заместительльун вукIарав Сулейман Хаппалаевасе, республикаялдаго машгьураб цIолбол совхоз НПО «Дагъагровинпром»- алъул директор Нариман ГIалиевасе.

- Судалъул приставал рачIун ниж къватIире гъезе тадбирал гьаризе лъугьидал, Сулейман Юсупович Хаппалаевас малълъана газеталъул регистрация эркенаб басмайилан бихьизабизе ва дербенталъул журналистазул рахъ ккун кивго цевеги вахъана. Гьев кIалъана доб заманалда Дербент районалъул бетIерлъун вукIарав СагIид Къурбановасухъе ва гьес нижер газета районалъулаблъун гьабизе разилъиги кьуна. Гьедин цIунизе кIвана газетаги коллективги.

- «Мусаидова районалде ячIана жиндирго къайигун, бахIарайгIадин (хIалтIизе бакI – минагун)» абун махсаро гьабулаан райадминистрациялда, - ян бицана Татьяна Гьаруновналъ ва гьелъ гьанжеги къадруялда цIунун буго республикаялдаго тIоцебесеблъун ккараб, лъидаго бачIеблъун букIараб газеталъул тIоцебесеб номер.

АСЛИЯБ ЖО – ГIАДАМАЛ

Лъебергоялдаса цIикIкIун соназ нухмалъи гьабулеб буго Татьяна Мусаидовалъ гьеб газеталъе. Гьелда рахъулел материалалги рукIуна гIадамазул, гьезул бугеб гьоркьоблъиялъул, гIумру – яшавалъул хIакъалъулъ. Жидер бицине бегьулел, мустахIикъал, республикаялда ва улкаялда машгьурал гIадамал абуни Дербент районалъул захIматчагIазда гьоркьор гIемерал руго.

Татьяна Гьаруновналъ абуна кинаб заман бачIаниги гIадамазул букIунеб гьоркьоблъиялъул тIабигIат хиси гьечIеблъун хутIулила ва гьениб хъвазеги бицинеги жо кидаго камуларилан. Газеталъе хIалтIиги гIунги тIокIаб бугила: «Районалда гъорлъе уна 29 росу ва гьезул киназдего кьезе ккола кIвар» - ян бицана редакторалъ.

ГIемерал щун руго гьезие шапакъатал, чанго нухалда мустахIикълъун буго баркалаялъе, букIун буго «Меседил цIва» абураб республикаялъул конкурсалда цебесеб бакI щвараблъун. Жийго Татьяна Гьаруновнаги ккола «РДялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан, Россиялъул журналистазул Союзалъул член. Гьелъие жиндиегоги щун буго чанго хIурматияб грамота.

Рокъой кинайха гьей йигей? Лъималазул лъималазулги тIалаб – агъаз гьабулей эбел ва кIодоэбел ккола Татьяна Гьаруновна. Гьел лъималазулги ункъоял гIолел руго… Вас Тамирлан – журналист, «Дагестанская правда» газеталъул редакторасул заместитель. Гьесул буго лъабго лъимер. Яс Наиля – юрист, росгун гIумру гьабун Дербенталда йиго.

Дида бихьухъе, Татьянал тIабигIат – гIамалалъул хаслъилъун буго гIумруялдаса разиго йикIине ва йохизе лъай, аралда ян йикIинчIого, букIинесеб къачIай. Заманалда рекъон хисардиги гьелъул бихьичIо. Гьединаб буго гьелъул хаслъиги, хасиятги, къисматги…

ГIайшат ТАЖУДИНОВА

ДУН ГIУРУС ТАБАСАРАНАЙ ЙИГО

Гьадинаб букIун бугоха гьалъул гIумрудул нух.... БатIияб бокьизеги букIун батиларо, тIаса бищизе гьелъие рес кьунани. Щибниги дандеккунгутIи бихьулеб гьечIоан гьелда жинцаго гIуцIцIараб, жинцаго бессараб, жинцаго данде бачараб гIумруялъул нухда.

КЪИСАМАТАЛДА ХАДУВ ЩИВ ГЪОЛЕВ...

Надеждадаги ракIалда букIун батиларо жий мугIрузул улкаялде ккелин гIумру гьабизейилан. Амма ракIалъ бицунеб букIун батизе бегьула жий гIураб бакI, Башкириялъул Стерлитамак тезе ккезе бегьулеблъи. Гьанже гIемерал сонал индал гьей унго-унгояй дагъистаниялда релъун йиго.

- Унгоги, гIадатияй табасараназул чIужугIадан йиго дун. Гьезда гIадин халичабигицин лъала дида рессизе, - ян абуна Надежда Борисовналъ. Бигьаяб гуреб гIумруялъ ва яшавалъ гьелда гIемераб жо малъун бугоан. Дагъистаналда батун буго гьелда жиндирго гIумруялъул магIна: хъизанги, рукъги, гьаниб унеб буго гIумруги. Гьелъул гIагараллъун ккарал табасараназеги, гIемераб гьудул – гьалмагъльиялъеги, цадахъ хIалтIулел учительзабазеги Надежда божарай ва йокьулейлъунги лъугьун йиго. Дица гьелда гьикъана гIагараб Стерлитамакалде ракI щоларищилан…

- Гьанже дир ватIан гьаниб буго, - ян абуна гьелъ. – Гьаниб гIуцIана хъизан, дир хирияв росгун тIамуна гIемерал талихIал сонал. Дица цIакъго гIолохъанго цебе чIезабулеб букIараб талихIаб хъизанги нижеца гIуцIцIараб хъизанги цолъана дие гьаниб. Гьанже дица пикру гьабула, кигIанго батIи-батIиял бакIалги ракьалги рукIаниги, хъизаналда тарбия кьеялъул цо гIаммлъи букIунеб бугилан. Нижги гIемерал цIалдолаан, хIалтIулаан, рахIаталъе заман нижееги гIемераб букIунароан ва битIараб нух кквезе малъулаан. Гьебго жо батана гьанибги…

Эбел-эменги анлъго лъималги ругеб жидерго кIудияб хъизан ракIалде щвезарулаго гьелъ бицана, рокъоб къваригIараб гьабизеги, цIалдезеги, расандизеги жидер заман гIолааанила. Амма жиндие гьитIинаб къоялдаса альбомалги релъеналги хириял рукIанила.

- Дие бокьулаан пикраби, анишал суратазулъ загьир гьаризе ва гIумруялъул нухги дицаго сураталда бахъараб гIадин бихьизабуна... Вац Владикица рагъулаб хъулухъ тIубазабулеб букIана Дагъистаналда. Гьанжеги ракIалда руго гьес рокъоре хъвалел рукIарал, Дагъистаналъул берцинлъиялъул бицарал, кагъталги ритIун рачIунел рукIарал пихъил посылкабиги. Гьезда цадахъ лъун ратулел рукIарал ччугIилгIиназулъ дида рагIулаан ралъдал хъуй ва гьез ракIалда щвезарулаан Гринил харбаздаса гIажаибал лъугьа-бахъинал…

«ТОЧМЕХ...»

Гьединлъидал гIолилай ракIалъ Дагъистаналде цIалел жал гIемерал кколел рукIана: мугIрул, ралъад, гIемерал миллатал ва гьезул щибалъул мацIал, маданият, махщелал, гIадатал. Гьединго вацасги ахIулей йикIана чIечIого гьей гьание. Амма ячIине хIалакинчIо, сабру гьабуна жиндиего бетIербахъиялъе рекъон кколеб юкъарухъаналъул махшел щвезегIан. Гьеб мехалъ, Каспийскалда хIадурулеб букIараб вацасул бертаде сапарги данде ккезабун, Надежда яхъуна сапаралъ ва гьанийго хутIула. ГIемераб заман балалде «точмех» заводалде хIалтIизе лъугьуна.

- Доб заманаялъ гьеб заводалде хIалтIизе лъугьин Каспийскалъул гIолилазе кIудияб ишлъун букIунаан. Гьениб щолеб букIана лъикIаб харжги кьолаан квартирабиги. Гьединго, ралъдал рагIалда гIолеб гIолохъанаб ва берцинаб шагьаралда гIумру гьабизе гъираги букIунаан. Дунги дагъистаналде ва дагъистаниязде хехго ругьунлъана, гьезда гъорлъ гIурай

гІадин ккана. ГІадамал ратана лъикІал, ракІ жубарал, дунги хІал рекъон йикІана.

Аваданаб букІана заман. ХІалтІудаса Надежда хІинкъуларoан ва заман гІемераб иналде щвана токаралъул кІиабилеб разряд. ЧІахІиязда бихьулеб букІана гІолилалъул хІаракат, жавабчилъи, ишалде рокьи ва заводалъул коллективалда гъорлъ цІакъ рекъон ккана гьей.

Гьайбатай, хІеренай, хІалтІулъ мухІканай гІолилай гІолохъабаздаги берцин йихьана. Гьелда лъалеб букІинчІо сабурав гІолохъанчи, табасаранав ИсмагІил ИсмагІиловас жий ячине къасд гьабун букІин. Амма хІухьбахъиялъул вечеразда гьес цохІо гьей яхъинаюлей йикІана кьурдизе ва сверухъ гІемерав женжедулевги вукІана, цогидал гьелда аскІоре къангутІизе. Байбихьуда Надеждае гьеб къабуллъулеб букІинчІо, амма заманалдасан бичІчІана, жинда хадув чІчІарав гІолилав божизе бегьулев ва жий талихІайлъун гьаюн бажарулев чи вукІин.

ХЪИЗАНАЛЪУЛ ТАЛИХІ…

- РагІабаздалъун загьир гьабизе захІмалъула гьеб, - ян абуна Надежда Борисовналъ. - ГІасрабаз, захІматал шартІазда гІумру гьабулаго лъугьарал, лъикІал гІадатал цІуни буго гьадинаб талихІ батиялъе кумек. ЛъикІал гІадатал цІунун жакъаги гІемерал хутІун руго: кІудиязул хІурмат гьаби, гьитІиназул тІалаб гьаби, хъизаналъул къадру борхатго кквей гІадинал жалаз кьола ракІазе хинлъиги, рукъалъе парахалъиги, хъизаналъего цадахъ талихІги. Дун кидаго хІайранлъула гьел лъикІал гІадатал хвезе течІел гІадамазда. Гьанже, аниб гІумру унеб бугелъул, дида лъала табасаранал гьединал гІадатал цІунулел, лъикІал гІадамал рукІин.

Гьелъ ракІалда щвезабуна ИсмагІилица кин жий табасараназул хасият-гІамалалде ругьун гьаюлей йикІараяли. ТІоцее гьесул гІагараб Кандык росулъе щвейго букІанила жиндие гІумруялъул дарслъун. ИсмагІилил эбел-эменги, щибго дагІба ва дандечІчІей гьечІого, разилъанила васасул хІукмуялда. Гьез жий нуслъун къабул гьайи букІанила унго-унгояб рохеллъун.

- Дун ругьунлъана халичаби рессизе, короніб чед бежизе, лъазабуна мацІ, гІадатал. Дица хІаракат бахъана гьезда релъине ва дирго талихІ цІунизе.

- Бертин гьабурабищха?

- Бертин гьабичІо, амма аваданаб дандеруссин букІана, - ян гьимана гьей, - бачІана гІагарлъиги, рукІана мадугьалзаби, гьудул гьалмагълъиги, гІахьаллъана нижерго заводалдаса гьудулзабиги. Доб заманалда кинабго гІадатго букІиндалха. Бугелда ракІги рази гьабун, аваданго, гьудуллъи-вацлъиялда рукІунеб заман букІана доб. Гьанжейин абуни, бечелъиялда, гІарцуда хадур лъугьун, гьитІинаб жоялдаса рохизеги, цоцазул рохел гІахьал гьабизеги кІочонеб буго гІадамазда.

СОВЕТИЯБ ЗАМАН. ХИСА – БАСИЯЗУЛ ЗАМАН…

Гьанжеги тІадруссинин Надеждаги ИсмагІилги гІолохъанал, талихІал, жигарал рукІараб заманалде. Гьеб букІана щибаб къоялдаса рохулеб ва талихІаб букІинеселда божулеб заман.

- ЛъагІалидасан нижее гьаюна яс. Гьейги ячун, гІагарлъиги бохизабизе, ниж Хучниялде щвана. ЦІакъго рохун рукІана ИсмагІилил эмен Исрафил ва эбел Гафизат. Хадурго гьаруна кІиго вас Мурад ва Тимур. Дида ккола мугІрузул улкаялда роржанхъи гІадамазул кидагосеб анищ букІун батилин – кІиявго вас вуго авиациялъулаб хъулухъалда. Яс Иринал рос Зайнутдин Митаров тІокІав вукІинаревгІан лъикІав дурц вуго. Тимурил щулияб хъизанги гІурал лъималги руго. Мурадица жеги хъизан гІуцІичІо.

ГЬЕВ ГЬЕЧІЕБ ГІУМРУ…

- ГІемераб заманалъ рекІеде ячІинчІо дун ИсмагІил хваралдаса, - ян пашманго гьимана гьей, - амма гІумру гьабичІого тІуралел гьечІо, лъималазе къваригІунеб буго кумек. Росасги дицаги киданиги бикьуларoан рокъоб гьабулеб хІалтІи, сундулъго кумекги гьабулаан. Цоцазде рокьи гІадинаб жо хъизан щулалъиялъеги щибго букІунеб батиларо…

ХІалтІул захІматаб низамалде тІаде, хъизан гІуцІцІаралдаса, гьелъул тІалабалги регана.. РакІалде кколаан гьелъухъа кинабго бигьаго гьабун унеб бугилан. Амма, лъимал гІеялда цадахъ, тІалабалги гІемерлъана ва гьей хІалтІизе лъугьана заводалъул АТСалде, хадуй заводалъул ясли-ахикь тарбиячІужулъун. КигІанго заман гІолеб гьечІониги, суратал рахъиги Надеждаца рехон течІо.

- Суратал рахъи дир букІана рекІелгъеялъе гьабулеб хІалтІи, - ян бицана гьелъ. – КІудияб кІварги дица

гьелде кьолароан. Рихьизеги гьаруларoан лъидаго. Лъималгун йикIунаан цо-цо жал рахъулей. Лъимал шагьаралъул Культураялъул кIалгIаялде балеталде хъвадулаан. Цо къоялъ гьенив директорлъун вукIарав Гъазали ГIалибековас дун ахIана кьурдухъабазул студиялъе суратал рахъизеян…

Киеха гьенисан лъималгун дун щвечIей, бихьичIеб бакI щиб хутIараб! Гьеб букIана батIияб дунял рагьилъун дие. ГIемерал ккана лъай-хъваял, дандчIваял, рукIана ракIалда хутIарал лъугьа-бахъинал, рес рекъана дирго гьунар рагьизе, гьеб гIадамазда бихьизабизе.

УЧИТЕЛАСУЛ ИШАЗДА…

Каспийскалъул тIоцебесеб школалъул директор Ферида ХIажихалиловна ГIалиевалда Надеждал суратал рихьаралго, гьелъ гьей ахIун йиго школалда суратал рахъиялъул учительлъун хIалтIизе.

- Дир рохалие гIорхъи букIинчIо, - ян мукIурлъана Надежда Борисовна, - гьединлъидал ишалдеги гъираялда тIаделъана. Школалъул гIумруялде гъорлъеги бигьаго ккана, кинабго гьениб батарабги къабуллъана. Дица гьенир лъимал ругьун гьаруна суратазулъ гIумруги, тIабигIатги, гIадамалги рихьизаризе, гьезул хасиятал рагьизе ва ратIа гьаризе лъазе. Малъана гIагараб ракьги, рукъги, хъизанги цIунизе.

- Школалда кьола лъималазе тарбия, - ян абуна Надежда Борисовналъ, - гьениб куцала ВатIан бокьиги. Гьелъ лъималазда малъула жидерго ватIаналъул бечедаб тарих бокьизе ва лъазабизе кколеблъи, бицуна советияб ва россиялъул халкъалъул къуркьи гьечIеб бахIарчилъиялъул, къвакIиялъул, къохIехьеялъул. Учитель вугила тарбия кьеялъулъ аслияв чилъун ва гьес лъугьинавулила инсан, патриот, гражданин ва букIинесеб гIуцIулев захIматчи. БукIинесеб лъикIаб букIиналъе гIоло Надеждал хIаракаталъухъ балагьун, гьелда тIад рекъечIого рес гьечIо…

АРАЛЪУХЪ БАЛАГЬИЧIОГО…

Цебего гIадин, гьанжеги гьечIо Надежда Борисовналъул эркенаб заман.

-

Н. Б. ИсмагIиловалъул сурат

Н. Б. ИсмагIиловалъул сурат

Школалъул низамалда рекъон тIамула дица къо, - ян абуна гьелъ. – Радал гимнастика, квен гьаби ва кIиго минуталда жаний дун хIадурун яхъуна…

Гьале гьей бокьулеб, жиндир кIиабилеб хъизанилан кколеб, школалда. Тематическиял церелъеял ва жамгIияб хIалтIи букIуна къойилго гьабулеб. Гьелде тIаде, гьениб хIадурлъи гьабулеб буго «Двигательстрой» поселокалда тIоцебесеб школалъул хIакъалъулъ тIехь бахъизеги. Тарихги гьеб школалъул гIезегIанго кIудияб ва бечедаб, Каспийск шагьар бижиялда хурхараб буго. I932 соналъ, гIицIаб салул авлахъалда, цебехун кинабгIаги гIумру букIинчIеб, хьуцIхIалаб бакIалде рачIана бакIал ралел. Гьениб цо палаткалда жаниб гIуцIана ункъо цIалдохъанги цо учительги вугеб школаги. Дагьабго заманалдасан, I933 соналъул хасало гьеб школа бахъана заманалъе бараб муцIидул минаялъубе. I935 соналъ бана цотIалаялъул ганчIил мина ва гьеб лъугьана букIинесеб Каспийск шагьаралъул тIоцебесеб школалъун…

Амма гьеб школаги гIечIо поселокалъе, гьенир гIадамал гIемерлъулел рукIана. ХIажалъана кIудияб школа ва къокъаб заманалда жаниб гьебги бана. I936 соналъул I2 августалда «Двигательстрой» поселокалда хIалтIизе лъугьана ункътIалаяб школа, байбихьул классал доб гьитIинаб, ганчIил бараб бакIалда жанирго тана.

- I939 соналъ гьениб тIадеги бана лъабго тIалаялъул мина. КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда школалъун ункътIалаяб мина госпиталалъе тун букIана ва лъабтIалаяб минаялда хIалтIулеб школалда лъуна «школа №2» абун цIар. Рагъ лъугIун хадуб, ункътIалаяб минаялда жаниб рагьана магIарухъа лъималазе школа-интернат ва гьелъие кьуна цебесебго «№I» абураб цIар. Гьебго цIаралда хIалтIулеб буго гьеб жакъаги…

Надежда Борисовналъухъ гIенекун дида йихьулей йикIана жигарай ва жиндирго ишалдеги школалдеги кIудияб рокьул цIурай гIадан. Дица гьедин абидал гьелъие кеп щвана:

- Унгогиха, гьеб буго Уралалъул ва Дагъистаналъул жубараб, жигарчилъи гIураб гIамал-хасият! Нилъ руго къохIехьей чорхолъ бессарал ва ракI бахIарал гIадамал.

Дидаги ракIалде ккана, гьединлъидал ратилин нилъ талихIалгиян. Дир героиналъул талихI гIадамазе хIажатайлъун йикIиналъулъ буго …

ГIайшат ТАЖУДИНОВА

РАСУЛ ХІАМЗАТОВАСУЛ СОН

Расул эмегун

- Мун щив?
- Расул Хіамзатов.
- Киса?
- Ціада росулъа.
- Дур хъулухъгин хіалтІи щиб?
- Хіасраталъул шагІир дун.
- Дур миллат? МацІ? ЦІар? Улка?
- Ціадастан, рокьи, рокьи…
- Ціаларав кив, гІелму щиб?
- ГІищкъул академия.
- Гьудулзаби, гІагарлъи?
- Киналго гІишкъу ккарал.
- Судалда гъоркье кканищ?
- Рокьул судалде ккана…

Лъади ПатІиматгун

Эбел Хъандулайгун

Че Геварагун. Куба, 1961 с.

Бондаревгун ва Беловгун

Муслим МахIамаевгун

Ян Френкелгун

ГIУРЧЧИНАБ ЩАЛ

РекIее цIакъго кIудияб асар гьабулеб реклама бихьизабулеб букIана телевизоралдасан гьаб соналъул авалалда:

- Эбел-эмен гьечIого хутIарал лъимал хьихьун рукIана кIудияй яцалъ. ЦIакъ бокьун букIана гьитIинай яцалъе жалго хьихьарай кIудияй яцалъе багьаяб сайгъат босизе. Жинцаго данде гьарурал гъурщалги росун, гьей тукаде ана, ва тукенчияс ясалъ абурал маржаналги кьуна. Гьелги росун, йохуца холаго, гьей кIудияй яцалъухъе екерана. Амма яц йихха-хочана, гьитIинай яцги ячун, гьей тукенчиясухъе тIадюссана ва маржанал нахъе кьуна. Тукенчияс гьел росичIо, жиндие дур гьитIинай яцалъ гIумруялъул цIакъ лъикIаб дарс кьуниланги абун.

Бихьулищха цо-цо лъималазги кьолел руго чIахIиязе дарсал. Дидаги ракIалде щвана цо хъизамалдаса гьитIинав Басирил дарс.

- Басир гьавулаго, гIумруялдаса ятIалъана гьесул эбел. Гьевги гьесул кIияйго кIудияй яцги кIодоэбелалъ хьихьун рукIана. Гьелдаго цадахъ яцазги тIалаб-агъаз гьабулаан гьитIинав Басирил. Гьесул гьавураб къо - 29 февральги ункъо соналдасан гурони щолароан. ТIубараб хъизанго тIаделъун хIадурлъулаан киналго гьеб байрамалде дандчIвай гьабизе.

Гьев вохизавизейилан, яцаз жиндергоги Басирилги классцоял ахIана, кIодоэбелалъги мадугьалзаби ахIана – кIодо гьабулеб букIана Басирица анцIго сон тIубай. Байрам бакьулъе щолеб букIана, ихтилат-кепалда лъималги рукIана.

Цо заманалдасан, ццидал цIурал бералгун, жание кIанцIун ячIана Басирида цадахъ цIалулев вугев Исламил эбел. Рокьукъго Нуцалай-дахIабабахъги ялагьун, гьелъ абуна:

- Васасе сайгъатал ракIарулейищ йигей? – илан.

Гьедин Нуцалалдаги абун, кьабулаго Исламги вачун, гьей рокъое ана. ЧIаралъурго гIунун киналгоги хутIана.

Нуцалалъ кигIан хIаракат бахъаниги, лъималазухъе рохел тIадбуссинчIо. Гьеб дой Исламил ццидалай бабаца цадахъ бачун ана. Амма ццидал цIурай дой гIаданалда бичIчIичIо, Басирие сайгъатал гуреб, лъималазулгун дандчIвай къваригIун букIараблъи. Лъабго моцIалъ унтун школалде ине кIвечIев гьев урхъун вукIана лъималазул ахIиялъухъ, релъи-хъуялъухъ.

МагIил бералги цIун, Басир бусалъе лъугьун ана. Цогидалги рокъо-рокъоре ана. ГIодун свакарав Басир кьижун ккана. Гьесул синкъи лъугIулеб букIинчIо.

Гьудулзабаз рачIарал сайгъатазги Басирие кеп гьабичIо. Исламица гьесие бачIун букIана, живго рекIун свакараб, басриябго велосипед – эбелалъ гIарац кьечIелъулха гьесие, Басирие сайгъат босизе.

Гьале байрамалдаса хадуб къоял иналдего, унтана Нуцалай-дахIабаба. Басирги яцалги гьелъие хъулухъалъе рахъун чIун рукIана. Гьез макьуги тана, екьулей дахIабабал бусадухъ кIусун. Цо-кIиго анкьидасан гьей гьаюраб къоги тIаде щвезе букIана. Яцаз жидецаго данде гьабураб гIарцухъ Басирие сайгъаталъе планщет босун букIана.

КIиго анкьиде лъилъилеб хIал Нуцалай-дахIабабал букIинчIо, кIваралъ тату холеб букIана. Тохтурзабиги щаялиго гIедегIулел рукIинчIо гьей больницаялде ячине.

Цо къоялъ Зарипатги, Заираги, Басирги – лъабалго ана больницаялде. Больницаялъул бетIерав тохтурасухъе нухги бахъун, гьез гьарана неврологиялъул отделениялда бакI гьабейила жидер кIодоэбелалъейилан. ГIодунго гIодун бицунеб букIана лъималазда гьоркьоб бищун кIудияй Зарипатица жидерго къисматалъул. Гьезул талихIалъ, тохтурги ватана лъимал ричIчIулев чи, гьес Нуцалай-дахIабаба больницаялда егизаюна.

КIиго анкьалъ щибаб къойил ана лъимал дахIабабаде раккизе. Гьелда хадуб квен, пихъ, гьуинлъи босун, Басирие гьавураб къоялде гьудулзабаз, гIагарлъиялъ рачIарал сайгъатал ричизе байбихьана лъималаз. ТIоцере гьел рачIана Мухтар Мухтаровичасухъе, жиндее кумек гьабурав тохтурасухъе.

Гьесги, лъималазда бичIчIиларедухъ, жинца ричилилан унаан лъималазухъа къайи-къоно босун. Гьес цин абизехъин букIана ричугейилан, амма дахIабабае кумек гьабизе бугеб шавкъалъ кунчIарал гьезул берал рихьидал, вуцIцIун чIана. Тохтурас къайи бичараб гIарац бачIиндал, лъимал рохулаан, гьезда ракIалдецин кколеб букIинчIо гIарац жинцаго Мухтарица кьолеб бугилан. Басриябго, Исламица гьавураб къоялде бачIун букIараб, велосипедги «босана» гьес.

Цо къоялъ, гьал, дахIабабахъе рачIунаго, больницаялда аскIобго бугеб тукаде жанире лъугьана.

Гьениб черхго бацилеб гIадаб кIудияб гIурччинаб шал бихьидал, Зарипат йихха-хочана – гьале дахIабабае бищунго бокьулеб кьералъул шал. ГIурччинаб гордеги буго долъул, киндай гьаб рекъела долдайилан абуна гьелъ Заирадехун ва лъабазулго пикру ккана, дахIабабада гьаюраб къоги баркун, гьелъие гIурччинаб шал босизе.

ЦIидасанги дармиде журана лъимал. Дадаца Москваялдаса жидее битIун бачIараб парталалде ирга щвана. Басирица планшетги бичана, Зарипатица трубкаги бичана, Зарипатица инсуца жиндиего босараб букъарулеб машинаги бичана. ГIарацги данде бакIарун, рилълъана лъимал кIодое бокьулеб гIурччинаб кьералъул шал босизе. Тукенчи вихха-хочана, шал кьейилан лъималаз абидал. Амма гьез гIарац кьедал, гьев дагьавги виххана. БукIаниги, берцинаб пакеталъубги лъун, шал гьес лъималазухъе кьуна.

Бихьулишха, лъималазул бича-хисиялъул кIододаги лъалеб букIун буго – тохтурас кIодохъе нахъего кьолеб букIун буго лъималаз бичизе бачIараб, гIарацги жинцаго кьун. ДахIабабаца кьолеб букIараб пенсиялъул гIарацги босичIо гьес, жив кватIичIого лъималазе аскIове Москваялде вахъунев вугин, биччай гьеб жиндир рахъалъан гъададигIан мун хириял лъималазе садакъалъун букIинеянги абун. КIиго къоялъ дахIабабахъе раккизе инчIо лъимал – кIиго кьоялдасан гьей рокъое йиччалей йикIана. Гьеб букIана дахIабаба гьаюраб къо.

Зарипатицаги Заирацаги цеечIезаюлей йикIана чIван гIурччинаб шалгун, ретIун гIурччинаб гордегун, кьурдизе йигей дахIабаба. Гьез режана тортал, пирогал, гьабуна квен - кинабго хIадур гьабун букIана дахIабаба ячIиналде. Амма…

КIиго къоялдасан рокъобе бачIана лъималазеги хирияй лъималги хирияй Нуцалай-дахIабабал жаназа.

Мухтарида лъалеб букIана Нуцалалда бугеб хIал. Нуцалалда жиндагоги бичIчIулеб букIана гьеб. Амма ясалъул бесдалазда хIал лъазе толарого йикIана гьей.

ГIемер гIодун, Зарипатицаги Заирацаги дахIабаба ахираталъул рокъое нухарегIулезда гьелда гIурччинаб шалги чIвазабуна. Гьедин къачIан йитIана дахIабабал тIанчIаз дахIабаба абадияб рокъое.

Инсуца Москваялде рачун арал лъималги, щибаб риидал рачIунаан росулъе, дахIабабахъе щвезе. Гьезул ракIалдещвеязулъ Нуцалай-дахIабаба хутIана гIурччинаб гордеги ретIарай гIурччинаб шалги чIварай дунялалдаго бищунго берцинай ва йокьулей дахIабабалъун.

ШАМАЙ ХЪАЗАНБИЕВА

Росонир хинкIал кьурдун...

Нолъ Мадинат ячIун йикIана… Мадинат гьоболлъухъ ячIараб мехалъ, кидаго букIуна ракIалдещвеязул сордо. Умададалги ПатIибабалги бицун, чехь унтизегIан релъизарула гьелъ. Вай, жидер хIал алжаналъуб батаял, рукIарал цIакъал умумулха нилъер.

МагIарулазул кици

Гьезда бихьанщинаб къоялъулги баччанщинаб захIматалъулги бицун пайда гьечIо. Мукъулукъ тун эхебехун биччаларо гьеб гьанжесеб, гьарзалъиялъ ццулъараб, гIелалъ. Пикруцин гьабуларо. Гьанжесеб гIумру бихьун букIарабани дол нилъер умумузда, жалго чIаго Алжаналда ругилан ккезе букIун батила.

Рогьалил как базе рахъаралдаса тIокIаб гIодоб хьибил лъоларoанила гьезилан бицана Мадинаца. Мадинада лъалеб заман гьеб нахъзаман бугоха, ракъиги гьечIеб, Совет хIукуматалъ киназего бащад гьабун рикъзиги бикьараб.

ХъахIлъи балалде яхъун ПатIибабаца цIетIе рехулеб букIун буго бакъвараб гьанал кесекги, заргIанаб мохмохги, лъабго рокьо гIанасеб бакьги. Гьеб белъунеб гIадаб заманалде, тIаде ралел рукIун руго гьалил гIатIал хинкIал ва, лазаталда, бухун ражигун, кваналел рукIун руго кIиялго. ТIокIаб маркIачIул бер рукIкIинегIан кванил тIалабги гьабулеб букIун гьечIо мунагьал чурадаз. Боголил какдаса хадуб цо бучIа-бухIараб жоги кIалдиб лъун, тIад бетараб рахьдал истаканги гьекъон, бусаде рахунел рукIун руго.

Доб мехалъ гIадамал сахлъи бугел рукIанилан гаргадула нилъ. Гьанже нилъецаго кIалалда чIвалеб щинаб жоялъул хIисаб гьабеха, лъил чуричIел квераз гьабурабали лъалареб, киса бахъараб бачIараб лъалареб, хIалал-хIарамалъулали бицунго пайда гьечIин...

МагIарул мацI бицейила, лъазабейилан гаргадула нилъ. Гьелъулги щибго пайдаго бихьулеб гьечIо. МацI лъан бахъиналде, сундасан чIварабали лъалареб унтуца, кинавго чи холев вугони, кинаб пайдаха мацI лъаялъул букIинеб. Гьединлъидал, миллаталъул тIалабги кинабго рахъалдасан гьабизе ккколелъул, дица хIукму гьабуна, гьалил гIатIал хинкIал кин гьаризе ва щиб заманалда квине ккколелали нужеда бицине.

ТIадехун дица бицана кидал квине ккколелали – рогьалил какдаса хадуб.

Гьанже гIинтIаме цо кин гьарулелалиги бицинин.

Нужер хIарччда нахъа кваналезул къадарги хIисабалде босун рехеха хьагинибе гьан, мохмох, бакь… Махьва-бадакоги бегьула, беццарабцин букIуна. Нужер цабзазе данде кколедухъ гьеб белъинегIан, хинкIал къазе журазе ккола.

Лъедераб цIалкIуялъ росонибе цIалкIула гьалил гIатI (гьолочIвараб гIатIиланги абула хундерил тIалъиялъул гIадамаз). Бакьулъ гвендги гьабун, тIаде гьарщула цодагьабго ханжу, тIамула цIам, тIола гьалараб лъим ва, цIулал гъудги босун, багъарун, жуба-гъубазабула. Хадуб, квер бухIиларедухъ, буцула. Кинабго данде кIкIван, цо мегIер гIадаб жо гьабула раса бакьулъ, гьелдаги ХIасандалайилан абула. Гьанже, ХIасандалаялдаса хъатикь къан бажарулебгIан жоги тIезабун, сверизарун, тIупизарун, огъохъатинир дурус ккколел, гургинал, берцинал хинкIал къала ва раса сверун берцинго сокIкIуна.

ХинкIал къан рахъинегIан гIиссинккун ахIулеб кечIги букIине ккола:

Бакъ щун, щоб ккун,
Щобил ГIали рохьов ун,
Горбогьодал расандун,
Росонир хинкIал кьурдун,
Кьурда гIачи гIергIедун,
ГIодор бачал мимидун, - илан.

Гьанже, тIалъелги нахъе босун, хьагиниса хIарччинибе бахъула белъине реххун букIараб щинаб гьан ва, цIороларедухъ, цо хинаб гIадаб бакIалде ккезабизе ккола. Дица хIерчч къандалъоялда гъоркье бегьула.

Цо-цоккун росун, гьалделеб бугеб гьанал гьагIуялде гъорлъе риччала хинкIал. ТIад росун рачIарал гIадаб заманаялъ, хинкIбахъалъ бахъун, цо хинкIалда кIутI-кIутIула. ТIап-тIапи бахъани, дагьалги релъине тола, дум-думи бахъани – рахъизе бегьула.

Хехго гьанал хIерччги къватIибе цIан, тIаде хинкIалги ран, аскIоб, тIаде нисуги хъурун гьабураб, раждал гъадароги лъун, гъудал-гIучIалги рекъезарун: «Вай нужеда баракат лъеяяяял, рачIа кваназеееe!!!», - йилан ахIизе ккола.

- Йо, ГIащахъатун, дур ал хинкIазул чIахIалъиго щиб, речIчIани чи чIвалел гIадал жал гьарун руго гури дуца ааал, - илан мекъдаризе рос жувани...

- Валлагьги, бетIерчIахъад, огъохъатазул роцен цIехезе лъан гьечIоха дуда, лъади тIаса йищулаго, - йилан, яхъун тIадегун, чIухIараб рилълъада, кIабигIаги кодоб ккун, дол гIергIедулел гIачиязухъеги мимидулел бачазухъеги гIедегIизе ккола лъади.

Рогьунги бугелъулха…

Баху МУХИДИНОВА

РекIехъе лъазабизе ва ахIизе

Расул ХIамзатов

ДАГЪИСТАН

Гуро, гьитIинаб гьечIо, гьудулзаби, Дагъистан,
Гьелъул борхалъиялде ваха гьедин абулев.
Ахал тIогьода руго, тIогьал гIаздада руго,
ГIатIидаб Каспиялда гуми лъедолел руго.

ТIадегIанаб,
ТIадегIанаб, гIагараб,
МагIарулазул улка,
Аваданаб Дагъистан.

Йохъ, цо миллион гуро дагъистаниял ругел,
Дунялалда гIагарлъи гIунги тIокI буго нилъер.
МугIрул тIокIкIарал иццахъ океан зигардула,
Аваразул васазухъ ясал чанги угьдула.

Гуро, гIамал кIудияб гIадамазул ватIан гьаб,
Амма бетIер даличIо Дагъистаналъ лъиего
Гьелъул ччорбалъ беролеб буго цIакъ машгьураб би,
Гьелъул каранлъ кьабгIелеб буго цIакъ кьварараб ракI.

Журнал в журнале

Чудесные ароматы



КОКОСОВЫЕ ПИРОЖНЫЕ

НА 20 ШТУК

2 белка, 125 г сахара, 150 г кокосовой стружки, 1 щепотка корицы, 1 чайная ложка лимонного сока, 150 г белой шоколадной глазури

1. Взбить белки, всыпая при этом сахар. Мешать массу еще 8–10 мин на горячей водяной бане, пока она не станет тягучей.
2. Перемешать с массой кокосовую стружку, корицу и лимонный сок. Вырезать ложками шарики величиной с орех и положить их на противень, покрытый бумагой. Выпекать 15 мин при 150°С.
3. Окунуть пирожные в расплавленную глазурь. Выложить на решетку и подсушить.

КОЛЕЧКИ С АБРИКОСАМИ

НА 45 ШТУК:

250 г муки, 125 г молотого миндаля, 100 г сахарной пудры, 1 пакетик ванильного сахара, 160 г охлажденного сливочного масла, 1 яйцо, 200 г абрикосового конфитюра

1. Замесить тесто из муки, миндаля, сахарной пудры, ванильного сахара, масла и яйца. Завернуть в пленку и охлаждать 2 ч.
2. Раскатать тесто слоем в 4 мм. Вырезать кружочки, из половины кружочков вырезать серединки. Наклеить кольца на кружочки, смазанные конфитюром. Выпекать на противне, покрытом бумагой, 12 мин при 170°С.

ВАНИЛЬНОЕ ПЕЧЕНЬЕ

НА 60 ШТУК:

2 белка, 500 г сахара, мякоть 3 стручков ванили, 1 чайн. ложка лимонного сока, 300 г молотого миндаля

1. Взбить белки с 225 г сахара, ванильной мякотью и соком. Смешать с миндалем. Охлаждать 2 ч.
2. Раскатать тесто толщиной 5 мм между 2 слоями пленки. Выстелить противни бумагой. Вырезать звезды и выпекать 12 мин при 150°С. Растворить сахар в 6 ст. ложках воды. Расплавить массу на сильном огне. Взять ложку и покрыть печенье нитями сиропа.

Воздушные, тающие во рту пирожные и печенье обязательно придутся по вкусу вашим близким

О вкусной и красивой пище: яркие овощи и фрукты

На протяжении веков кулинары разных стран уделяли внешнему виду и запаху блюд не меньше внимания, чем их вкусу. Неизвестно, знали ли об этом древние повара, но современные ученые доказали, что яркая ароматная пища способствует появлению аппетита и лучше усваивается. Традиция украшать блюда свежей зеленью, овощами и фруктами тоже оказалась обоснованной: чем ярче окраска и сильнее аромат даров природы, тем больше в них полезных растительных пигментов и биоактивных веществ.



Индолы – естественные антиоксиданты. Кроме того, они снижают уровень холестерина в крови и тормозят развитие атеросклероза. Индолы в большом количестве присутствуют в капусте, кабачках, патиссонах, тыкве.

Хлорофилл – зеленый пигмент растений. Попадая в человеческий организм, он активизирует обмен веществ, нормализует состав крови, укрепляет иммунитет. Особенно много зеленого пигмента содержится в листьях салата и шпината.

Флавоноиды – фенольные соединения. Они придают плодам цитрусовых желто-оранжевый цвет. Флавоноиды укрепляют сосуды, выводят из организма радионуклиды и тяжелые металлы.

Каротиноиды – источник витамина А. Основные источники этих веществ – морковь, тыква, паприка, дыня. Каротиноиды повышают иммунитет и лучше усваиваются в сочетании с растительными маслами.

Гликозинолаты – вещества, придающие редьке и горчице характерный аромат. Они обладают антимикробным действием, снижают риск возникновения онкологических заболеваний, возбуждают аппетит и улучшают пищеварение.

Сапонины, содержащиеся в бобовых и чесноке, оказывают противовоспалительное действие, предупреждают образование тромбов, укрепляют сердце, сосуды, препятствуют развитию атеросклероза.

Антоцианы — пигменты сине-фиолетового цвета. Их много в чернике, сливах, баклажанах, смородине. Антоцианы – хорошие антиоксиданты, ослабляют действие токсинов, служат профилактикой онкологических болезней.

Активное вещество ликопин относится к каротиноидам. Ликопин не преобразуется в организме в витамин А, но оказывает антиоксидантное действие и укрепляет сердечно-сосудистую систему. Ликопином богаты помидоры, красные грейпфруты и дыни.

Катехины – производные флавонолов и антоцианов. Укрепляют капилляры, предупреждают заболевания сердца и сосудов, повышают иммунитет. Много катехинов в красном, байховом и зеленом чае, в красном винограде.

Терпеноиды входят в состав эфирных масел. Эти биоактивные вещества есть в цитрусовых, во многих пряностях и зелени. Они оказывают бактерицидное действие, а также значительно снижают вероятность развития опухолей.

КУЛИНАРНЫЕ СОВЕТЫ

- Румяные запеканки получаются гораздо вкуснее, если смазывать форму не маргарином, а сливочным маслом, смешанным с чесноком или специями.
- Печень нужно перед жареньем обвалять в муке, тогда она приобретет аппетитную золотистую корочку.
- Хрустящие хлебцы, которые под воздействием высокой влажности впитали в себя влагу, следует слегка подсушить в духовке на нижней полке.
- Омлет приобретает особенно пикантный аромат, если помимо нескольких столовых ложек молока добавить в него еще тертого острого сыра, например эдамского, и колечки зеленого лука.
- Жирные соусы легко обезжирить, если сок от жаренья слить в высокий стакан и дать немного постоять. Тогда жир собирается сверху, и его легко можно снять ложкой.
- Обжаренные в духовке булочки приобретают хрустящую корочку, если перед тем, как ставить в духовку, смочить их сверху водой.
- Чтобы придать взбитым сливкам красивый оттенок и великолепный аромат, при взбивании нужно всыпать немного растворимого кофе капуччино.
- Если в сливочном креме образовались комочки, то его нужно снова взбить, добавив немного загустителя для сливок.
- Меренги получаются особенно воздушными, если использовать разрыхлитель. Его достаточно добавить на кончике ножа во взбитый и наполовину загустевший белок и продолжить взбивать до получения густой массы.

Печёнка

...будет намного мягче и вкуснее, если перед обжариванием ее опустить на 1 минуту в кипящую воду, а затем обжарить.

Рыба

...при обжаривании будет меньше разваливаться, если ее посолить за 10 –15 мин до готовности. И не станет сухой, если перед этим замочить ее на 30 – 40 мин в молоке.

Пирог

...с ореховой начинкой получится сочнее, если к орехам добавить измельченное яблоко.

СУП-ПЮРЕ ИЗ ЧЕЧЕВИЦЫ

На 4 порции:

- *2 сладких перца (красный и желтый)*
- *1 луковица*
- *1 морковь*
- *200 г красной чечевицы*
- *2 помидора*
- *1 ст. ложка паприки*
- *1 зубчик чеснока*
- *3 веточки петрушки*
- *4 ст. ложки натурального йогурта*
- *соль, черный перец по вкусу*

ПРИГОТОВЛЕНИЕ:

1. Сладкий перец вымыть, обсушить, каждый разрезать пополам, удалить сердцевину с семенами, мякоть нарезать полосками. Лук очистить и крупно нарезать. Морковь вымыть, очистить и нарезать кружочками.

2. В кастрюле довести до кипения 2 л воды, положить подготовленные овощи и варить 20 мин на маленьком огне под крышкой. Красную чечевицу промыть холодной проточной водой, переложить в кастрюлю с овощами и варить 30 мин. Помидоры опустить на 30 с в кипящую воду, затем очистить, нарезать и добавить в кастрюлю с овощами и чечевицей.

3. Положить паприку и варить 5 мин. Получившийся суп перелить в чашу блендера, добавить очищенный чеснок и измельчить все вместе.

4. Пюрированный суп посолить и поперчить по вкусу. Петрушку вымыть, обсушить, оборвать листочки. Суп разлить по порционным тарелкам, добавить йогурт и листочки петрушки.

Обустраиваем кухню

Основные правила, которыми следует руководствоваться, планируя пространство, просты и практичны: здесь всем должно быть комфортно и безопасно.

Устаёте, хлопоча на кухне? Это не удивительно: как свидетельствует статистика, 40 % времени хозяйка проводит именно в этом помещении. Сделать работу на кухне менее утомительной вам помогут знания эргономики: науки о том, как организовать пространство максимально комфортно и безопасно. Подобрав мебель правильных габаритов и конфигурации, прочную и простую в использовании, вы сэкономите силы и время.

Еще в 20-х годах XX века немецкие исследователи вывели идеальные формулы организации кухонного пространства

В треугольнике

На кухне существует несколько зон активности, и самые важные из них –плита, раковина, холодильник – образуют так называемый рабочий треугольник. Планировка кухни удачна, когда расстояние между «вершинами» треугольника минимально, а длина периметра составляет от 4 до 7 метров. Кроме того:

• плиту поставьте поближе к обеденному столу, но так, чтобы случайно, проходя мимо, не обжечься и не получить травму;

• раковину располагайте в центре треугольника – так удобнее. Оптимальное расстояние от нее до холодильника – 1,2–2,1 м, а до плиты – 1,2–1,8 м;

• холодильник удачнее всего встанет в углу кухни: так он не будет «разрезать» рабочую поверхность столешницы. Открытая дверца тоже не должна мешать проходу.

Плюс удобство

На кухне важно все: высота и ширина мебели, ее обтекаемость (такая безопаснее), расположение шкафов и ящичков.

• При планировке рассчитывайте высоту рабочего стола так: встаньте рядом со столешницей и согните над ней руки в локтях. Расстояние между ними и поверхностью должно быть 10–15 см. А рабочий стол для готовки – не менее 90 см.

• Тумбы с открывающимися дверцами неудобны: чтобы достать что-то с нижней полки, надо наклоняться.

В этом случае выручат выдвижные ящики. Оснастите их системой открывания Push: она сама распахнет дверцы при малейшем нажатии.

• Пространство под раковиной, до которого сложно дотянуться, будет использоваться на 100 %, если вы установите систему «волшебный уголок» (металлическая конструкция выдвигается и вытягивает за собой из угла полки).

Прослужит дольше!

Эмалированные кастрюли хорошо отчистятся мелкой солью, нанесенной на кусочек влажной ткани. Для того чтобы посуда, покрытая эмалью, служила дольше, прокипятите в новой кастрюле подсоленную воду (5 чайных ложек на 1 литр воды).

Стирка вхолостую – полезно!

Чтобы продлить срок службы стиральной машины, каждый месяц устраивайте холостой запуск (без белья) при температуре 60–90°С с использованием стирального порошка, содержащего отбеливатель. После каждой стирки держите дверцу открытой – для просушивания и проветривания: иначе на резинке, обрамляющей дверцу, может появиться плесень.

Иней на плечах

Перхоть – явление неприятное, особенно часто она появляется зимой, когда мы носим шапки и капюшоны

Причин появления перхоти может быть несколько: различные микроорганизмы, нарушение работы сальных желез, стрессы, диеты, гормональные изменения. Иногда на перхоть не обращают внимания. А зря! С виду безобидное заболевание может стать причиной выпадения волос. Так что бороться с перхотью надо начинать сразу, как только вы ее обнаружили.

Только факты

Одна из главных причин – патогенный грибок. Он «живет» на коже головы в виде спор, но как только появляются подходящие условия для его размножения, например, стресс, ослабление иммунитета, различные болезни желудка, становится невероятно активным. Изменяется цикл развития клеток кожи, и как результат – они отшелушиваются, не успев «умереть». Тысячи клеток слипаются в чешуйки разного цвета и размера, которые видно невооруженным глазом и которые покрывают нашу одежду белым инеем. Различают перхоть жирную и сухую. Жирной перхоть становится, когда смешивается с избыточным кожным салом (при жирной коже головы). Волосы быстро засаливаются, может появиться зуд. Когда сальные железы вырабатывают мало жира (кожа головы сухая), образуется мелкая сухая перхоть – высохшие роговые чешуйки, почти лишенные жира, а волосы секутся, становятся тонкими и тусклыми.

Правила борьбы

Старайтесь не раздражать кожу головы. Пользуйтесь только расческами и щетками из натурального дерева. Постарайтесь как можно реже сушить волосы феном. Они не любят горячего воздуха. Также не стоит мыть их слишком горячей водой. Обратите внимание еще и на то, что лежит у вас в тарелке. Здоровье вашим волосам обеспечат все зеленые овощи, листовые салаты, а также рыба и печень. Не помешает укрепить свой организм с помощью витаминов. Вам необходимы витамин А, витамины группы В, витамин С, витамин Е, витамин Н, витамин U.

Важно правильно подобрать средства для ухода за волосами. В продаже есть шампуни и маски для борьбы с жирной и сухой перхотью.

Эти средства обычно содержат медицинский деготь и противомикробные вещества.

Помощь природы

- Кожуру четырех лимонов варите в течение 15 минут в 1 литре воды. Полученным отваром ополаскивайте волосы раз в неделю.
- 10–20 г сухих корней лопуха измельчите и варите в 200 мг воды 10–15 минут на слабом огне, после чего дайте отстояться и процедите. Втирайте в корни волос после мытья 2–3 раза в неделю.
- ***При жирной перхоти*** и выпадении волос 2–3 раза в неделю в течение месяца втирайте в кожу головы спиртовую настойку календулы.
- ***При сухой перхоти*** семена алтея с растительным маслом в соотношении 1:20 нагрейте в течение часа на водяной бане. Затем процедите, остудите и теплый масляный экстракт втирайте в кожу головы 2–3 раза в неделю. Курс лечения –15 процедур.

На работе целый день сидите за компьютером, а дома не выходите из Интернета? Так вы рискуете заработать один из офисных синдромов.

Осторожно: офис!

Компьютеры входят в рабочий обиход практически всех профессий. Мы живем в мире бесконечных мониторов, и такое тесное взаимодействие с ними не могло остаться без последствий. Появился целый ряд компьютерных заболеваний, получивших название «офисных болезней».

ПОБОЧНЫЙ ЭФФЕКТ

♦ **Наиболее распространенная офисная проблема – «синдром сухого глаза».**

Слезы, образующиеся в слезных железах, равномерно увлажняют глаза только при моргании. Немигающий взгляд на монитор нарушает их естественное увлажнение. Появляется ощущение инородного тела в глазу, жжение, зуд, сухость, светобоязнь. Чтобы сохранить зрение, старайтесь чаще моргать – приучите себя делать зрительную гимнастику. Не забывайте о чередовании труда и отдыха. Во время перерывов подходите к окну и, максимально напрягая зрение, рассматривайте объекты вдали.

Для лечения и профилактики сухости глаз рекомендуют препараты серии «искусственная слеза».

Ограничить время работы на ПК следует всем тем, у кого уже есть проблемы со зрением: близорукость (более 6 диоптрий), дальнозоркость (более 1,5 диоптрии), глаукома.

ВАЖНО!
Проблем со здоровьем не возникнет, если вы сидите перед экраном не более 4 часов: перегрузки - стресс для организма.

♦ **Компьютерная мышь тоже может «кусаться», правда, ее «укус» выражается мурашками, бегущими по руке, после чего всю руку до локтя пронизывает острая боль, а затем рука немеет.**

Этот компьютерный недуг уже получил название: хроническое растяжение сухожилий. Болезнь распространяется с быстротой вирусной пандемии и поражает в основном тех, кто имеет дело с компьютерной графикой: правя рисунок, приходится ежедневно тысячу раз нажимать на мышку, а кисть человека к такой нагрузке совершенно не приспособлена. Чтобы не было проблем, разучите комплекс специальных упражнений и выполняйте его.

♦ **Опасна не только компьютерная мышь, но и клавиатура. При длительном сдавливании срединного нерва запястного канала развивается так называемый тунельный синдром.**

Если кисть невозможно сжать в кулак и любое подобное усилие вызывает боль, это повод уже не заняться гимнастикой, а обратиться к врачу. Он назначит лечение (противовоспалительные средства, компрессы, блокады, физиотерапию), а возможно даже и операцию.

ТУТ НАДО СМОТРЕТЬ В ОБА

Только бережное отношение к зрению поможет сохранить зоркость на долгие годы

♦ Самая простая зарядка для глаз – вращать ими по часовой стрелке и против, сжимать веки с определенной частотой и силой. Такая зарядка (2–3 раза в день) улучшит питание глаз. Для тренировки зрительного аппарата созданы специальные офтальмоигры для детей и взрослых, во время которых при потере зрительного внимания гаснет экран. Вы можете установить такой офтальмотренажер на свой ПК.

Валентина Дарбишева

Хозяюшка

Я люблю у бабушки
Печь и есть оладушки,
А с картошкой пироги
Лучше маминой еды!

Мы готовим на обед
Суп, котлеты, винегрет,
Как хозяйка за столом
Соберу в обед весь дом.

Я любимому коту
Супу в блюдечко налью:
Слижет суп он язычком,
А котлету – на потом.

Пообедали – и спать,
Мы с котом пойдём в кровать,
Промурлычет сказку он,
Чтобы сладким был мой сон.

Море

Море катит на песок,
Приглашая в свой поток,
Я стою на берегу
И боюсь я глубину…

Подошла сестра ко мне,
Гладит тихо по спине:
– Ты не бойся, я с тобой,
Поиграем с бирюзой!

Осторожно я вошёл
В белопенный грохот волн,
Страшно мне, но я иду,
За руку держу сестру:

– Ты подпрыгни, как и я,
Коль приблизится волна,
Страх боится храбрецов –
Море любит смельчаков.

Я послушался сестру,
Крикнул морю: – Я люблю
Твою пенную волну,
Поиграй со мною, ну!

Стихло море ненадолго,
Успокаивая волны,
Словно пригласив в игру –
Видно, нравлюсь я ему.

Я плескался и смеялся,
Прыгал, с волнами сражался,
Выходил на берег сам,
И к морским шёл чудесам.

Накупавшись утром вволю,
Мы домой уходим с моря.
Жду, когда наступит вечер,
И я снова с морем встречусь.

Первые шаги

Сделал братик первый шаг,
Ну какой же он смельчак:
Сам, без маминой руки,
Он пытается идти!

Сделал шаг, потом присел –
На полу есть много дел!
Он пополз, поиграл
И опять на ноги встал.

Замер, как перед прыжком,
И пустился в путь пешком,
Через два шага́ опять
На полу сел отдыхать.

Все от радости такой
К малышу спешат гурьбой,
Называют молодцом –
Счастьем полнится наш дом.

Смелая Дануся

Две сестрёнки – Дана с Маней –
За ворота вышли сами,
Двор для них стал невелик:
Им навстречу вышел бык.

– Ой! – сказала вдруг Марьяша,
Хоть была Дануси старше,
И от страха отступила
За сестрёнки младшей спину.

Но бесстрашная Дануся,
Перед ним совсем не труся,
Пальчиком быку грозит,
Громко, властно говорит:

– Не пугай мою сестрёнку,
Отойди от нас в сторонку!
Посмотрел бык на детей
В сторону ушёл скорей.

Вейнеразул ах

Вейнеразул ах – ккола жакъасеб Ленинил Комсомолалъул цIаралда бугеб ахалда тIоцебе букIараб цIар (I946 – I962 соназда гьелда абулаан Нартихъабазул ахилан). Ах чIеезе байбихьараб сон ккола I909 абилеб. Гьеб хIалтIи гьабуна вацал Аркадий ва Николай Вейнераз. Гьезул эмен Петр Петрович Вейнерица I860 соназда гIумру Астраханалда гьабулеб букIана. Гьенивеги гьев вачIун вукIана Владикавказалдаса. Россиялъул Югалда гьесул букIана чанго пиво гьабулеб завод. Гьесул пивоялъе, I900 соналъ Парижалда, I904 соналъ Венаяда, I906 соналъ Лондоналда тIоритIарал ТIолгодунялалъул церелъеязда щун рукIана медалалги.

Хадуб гьезул, лъабго васги кIиго ясги рукIараб, хъизан гочана Петербургалде ва гьенир гьезул васал хъулухъаз тIадегIанги рахана. Аркадий вукIана МИДалда, хIалтIана дипломатлъун, гьесие щвана батIи – батIиял пачалихъазул гIемерал шапакъаталги.

Эмен хун хадуб «Вейнерил Пиво» абураб брендалъул бетIергьабилъун лъугьана лъимал. Гьез рагьана пиво гьабулеб завод Порт – Петровскалдаги: I909 соналъ гьез немцав Фельдшаухъа босана завод ва гьелда сверухъ букIараб ракь. Гьеб батана хьуцIхIалаб бакI. Гьединлъидал Вейнерилаз, хьуцI бакъвазабизе хIисабги гьабун, гьенир чIчIун рукIана бигьародул гъутIби, гьез регьел жанибе босулиланги абун.

Октябралъул революциялдаса хадур киналго заводал пачалихъалъул квершаликье росана, гьединго вейнеразулабги. I920 – I930 соназда киналго Вейнерал, багьанабиги гIунтIизарун, жанир тIамуна. П. П. Вейнер (гьитIинав), тарихчи, «Цересел сонал» абураб журнал бахъулев вукIарав ва Басрияб Петербургалъул музей гьабурав, чIвана. Аркадий Вейнер, гIемерал соналги туснахъалда жанир ран, I965 соналъ къватIиве вачIана.

Нахъе хутIана гьезул лъикIал ишалги, цIаралги, МахIачхъалаялда хIухьбахъи гьабулеб ахги. Гьелъ ккола 30 гектар ракьалъул ва рикIкIуна гIемеразе хирияб бакIлъун. 20I8 соналъ «Нилъер шагьар» абураб жамгIияб гIуцIиялъул хIаракатчаца цIунана гьеб. Жаниса гIемерал гъутIбиги къотIун, музеялъе минаби разеян хIукму тIалъиялъ гьабидал, гьез, сордо-къоялъ дежурствоги гьабун, гъутIби къотIизе риччачIо.

Гьеб паркалда буго чанго мемориалги – Бергьенлъигун вуссарав рагъухъанасе памятник, Кидагосеб цIа, машгьурал гIадамазе памятникал, рагъулаб реццалъул Музей; бахIарзазул сураталгун реццалъулаб Аллея.

Гульнара АСАДУЛАЕВА

«Дица чIвана рос!»

Гьаниб нилъеца бицуней гIадан йиго берцинай, тарбия - лъай щварай гIолохъанчIужу. Туснахъалда сонал щун руго росги чIван... Божизе захIмат букIаниги хIакъикъат уяб батана. Кинха гьеб ккараб? Нужецаго пикру гьабе... (ЦIарал хисизарун руго).

КЪИСМАТАЛЪУЛ ГIУЖАЛ

Арсенилгун дир лъай-хъвай ккана университет лъугIулеб мехалъ. Тохлъукье вачIана гьев нижер студентазулаб къокъаялда гьоркьове. Гьев гьениве вачун вачIана дица цадахъ цIалулев васас ва дир ботIролъ пирхана «гьав дир рос вукIина» абураб пикру. Татьяна Ларинал кагътидаго гIадин «Пикрабалъ мукIурлъана – гьале дов», - илан.

Гьединаб букIунеб батила доб бер кIутIарабго кколеб рокьи. Гьесги бер босулеб букIинчIо дидаса. ПалхIасил, вечералдаса ниж кIиялго цадахъ ана.

Розаби тIугьдул рижараб бакIалде щведал, Арсеница кисиниса нус бахъана. Чирахъул канлъукь гьелъул кунчIиги беразда чIван, дун дагьайго йиххун ккана, лъавудаса ине дагьалъ хутIана. Гьес абуни, къотIун, розатIегь дихъе бегьана. Гьеб тIегь кодобе босулаго, зазги хIунчун дир килщидасан би баккана ва, тIад квербацIги жемун, хIалалъ чIезабуна.

Арсен вукIана вихьизе берцинав вас. Гьес бицана школа лъугIидал, вагъизеги ккун, жанив тIамичIого вукIинеян, жив армиялде анила ва гьелдаса хадув цIализе инчIилан… ХIалтIулев гьев вукIана автосервисалда, лъикIаб харжги букIана, гьебги гьес дитIаги нижер компаниялдаги хвезабулаан.

Арсеница бачIинахъего гьарана жиндие ячIаяйилан. Нижер умумулги ратана цо районалдаса, росаби батIиял гIадамал. Эбел-эменги разилъун, лъикIаб, кIудияб бертинги гьабун, ниж данделъана.

ТIОЦЕБЕ

ТIоцебе гьес дида кьабана бертин гьабун кIиго анкьидасан. Гьалмагъзаби гьоболлъухъе ахIараб бакIалда Арсен квешго мехтана ва лъадигун цадахъ вачIарав цоявгун къацандизе лъугьана. Ниж азбаралъуб гьабураб беседкаялъуб чай гьекъезе хIадурулел рукIана. Гьеб лъикI гьечIилан абидал, гьес дир гьурмада мал бана. Дун гьений гIодойги йортун, махул жоялда тIадги речIчIун, гIакълуялдаса ана. Дагьалъ хутIун батана бер бахъизе. Гьалмагъзабаз хехаб кумекги ахIун, гьез полициялдаги лъазабун, ахIи-хIур бахъидал, дунго гIодой кканиланги абун, дица гьев цIунана. РакIалдегицин ккечIо гьев полициялъул чагIаз вачине тезе. Радал вахъидал Арсен цIакъ хIикмалъана, дир гьурмае ккараб жоги бихьун. Божуларого вукIана ва ахирги тIаса лъугьайилан гьарана. Дунги лъугьана. Дие гьев кутакалда вокьулаан, гьесдаса хIеренавги, хIалимавги, лъикIавги чи дунялалда тIокIав гьечIилан кколаан дида.

РОКЪОСЕБ ЗУЛМУ

Хадубги цо моцIалъ лъикI рукIана ниж. Амма гIодоркъояз гьев гьекъолаан ва ццидалавлъун кколаан. Байбихьана щакдаризе. Гьесда ракIалде щолаан цо-цо жал, ургъун рахъулаан рукIинего рукIинчIел ва согIго валагьулаан дихъ. Данде дун гьимидалги абулаан гьединго цогидазеги гьимулей йигила дунилан, гурилан абуни, заралги къан вортулаан. Дица полицияги ахIулеб букIинчIо, ракIалде кколаан, гьев жанив лъуни, дида хIехьезе кIвеларин, хIинкъулаан гьес дун рехун телин. Хадуй, гьев дагIбадизе ва вагъизе лъугьидал чанго нухалъ дирго эбел-инсул рокъоса къватIивеги гъун вукIана, гьенирлъидал ниж гIумру гьабун рукIарал. Чанго къо ун хадуб, кинабгоги кIочон, ниж рекъолаан ва гьуинго рукIунаан. Дида ракIалде кколеб букIана кинабго рукIалиде бачIинин, гьев хисилин. Гьесги рагIи кьолеб букIана, лъимер гьабун хадуб, жив тамахав, хIеренав вукIинилан. Амма гьебго заманалда къойидаса къойиде гьекъолди цIикIкIунеб букIана. Яс Диана гьайидал абуни ракIчIун бичIчIана гьев хисизе гьечIевлъи.

Эбел-инсуеги гьеб гизма чIалгIун букIин бичIчIун, дица Арсенида гьарана нахъе аян. Гьесда бичIчIана дица тIокIаб хIехьезе гьечIеблъи ва дагьавго тамахлъана. Цо-кIиго анкьалъ гьев, дун ячиналде цеве вукIаралдасаги лъикIав лъугьана, цIакъ нижер тIалаб-агъаз гьабуна. Дун цIидасан божана! Амма анкьидаса Арсен добго хIалалъ мехтана ва тIаделъун, гIодой ккезегIан, юхизеги юхун, болъодухъа гъоркье тункана дун. Хадув вачIунги малал ралев вукIун, гьеб заманаялъ нижехъ гьоболлъухъе росулъа ячIарай гьесул эбелалъ хIалица ватIа гьавун вуго гьев дидаса. Гурейани гьес дун сакъатлъизеги гьайилаан.

Мадугьалзабиги нижеда гьоркьоре лъугьунел рукIинчIо, нижер ахIи-хIур гIемер рагIун букIун, гьединго эбел-

эменги. Эбелалъ цо-цо гьарулаан, те гьев росилан. «Ялагье гьесул бадие. Гьениб бугеб ццидал кутак бихьуларищ?!» - ян абулаан гьелъ, амма дица гIадахъ босуларoан. Ахирги ниж цоцаца чIвазе ругилан чIахIияз чанцIулго абуниги, дун кантIулей йикIинчIо. Гьейдаги кколеб букIун батиларо гьедин ккелин, чIвадарухъанги дун йикIинилан.

ККАНА ГIАКСАЛДА

Цо къоялъ ниж мадугьалихъ шагьаралдаса лъалел-хъвалезул берталъа руссана. Сваккарай дун цудунго егана ва къаси анцIгоялда йорчIана Арсенил ахIи-хIуралъ. Гьев, гьекъезеги гьекъон, цояб рокъов эменгун дагIбаялда вугоан. Гьениб рагъ-мач ккезе гурилан хIинкъарай дица яцалъухъе ахIана, росгун хехго тIаде щвайилан. Дица телефон гIодоб лъун бахъиналде нуцIихъан ваккана Арсен ва тIадги речIчIун дун гьанкъизе лъугьана.

Дица хIаракат бахъулеб букIана гьесул кверал ричIизе, амма бичIчIана гьеб бажаризе гьечIеблъи ва гьес дун унгоги гъанкъулей йикIин. Гьеб мехалда, ахирисеб къуватги бакIарун, дица гьев нахъе тункана ва столалда букIараб нусги босун: «Те дун!» абун ахIдана. Арсен абуни дагьавги ццидахана: «Ма, хъве дун!» янги абун, дида тIад речIчIана. Дица, бералги къанщун, нус хьвагIана… ЛахIзат. Берал рагьидал, росасул карандаса би бугоан беролеб. Гьев тамахлъана ва чIарбиде вортун ана. Дун кумекилан ахIдезе лъугьана, цогидаб рокъосан рекерун рачIана эбел-эмен.

РакIалда буго, дун кавудахъ «хехаб кумек» бачIиналъухъ ялагьун йикIарайлъи. Гьел гIемер щолаан нижехъе, амма цебехун гьез кумек дие гьабулаан. БачIана гьеб гьанжеги. «Гьале, хал гьабе, рокъобго гьабизе бажарилародай кумек?», - абун гьикъана дица. «Кумек лъие? Жаназалъейищ?» - ян согIго жаваб кьуна тохтурас.

РакIалде ккана заман лъалхъанин. «Кинаб жаназа? ГIадаллъунищ нуж?» - абун йортана росасде тIаде, гьев цIоронги виччунги вугоан. Дие хIухьел гIолеб букIинчIо, лъицаго шекъер къалеб гьечIониги, ва дида бичIчIана тIокIалъ гьеб лъицаго къакъазе гьечIеблъи!

ЦIЕХ – РЕХ

«Дие бокьун букIана гьес дун йиччан тезе… Дие бокьун букIана гьес дун тезе…» - абун цого жо такрар гьабулей йикIана дун отделениялде ячун унелъул. Доба хъвай-хъвагIайги гьабун, следователас согIго абуна: «Дуда тIад кинабгIаги хIал гьабиялъул гIужго бихьуларо», - ян. Экспертизаялда дир габуралда килшазул хъахIиллъарал лъалкIал ратана. Хадуб жаназа рагьидал лъана, Арсенил каранзул ракьа, кьабураб нусалъ, борлъун букIин. Гьедин кутакалда кьабун буго дица нус. РОВДялда сордо дица рогьана ясалъул ургъалилъ: киндай гьей йикIина, лъицадай гIезайила, дун гIемераб мехалъ гьаний ккуни?

СИЗОялдаса дун лъабабилеб къоялъ къватIие йиччана, киего инарилан кагъатги хъвазабун. Бокьун букIана росулъе хабатIе ине, амма эбел-инсуца: «Доя мун гIагарлъиялъ гьесда цадахъ ракьулъ лъола», - йилан йиччачIо. Гьоркьоблъи къотIичIониги, якьад дида тIаса лъугьичIо. Амма дица гьелъие кIвараб кумек гьабула.

МоцIгун бащадалъ унеб букIана цIех-рех. Эбел-инсуца гьаруна къарзал, ккуна адвокат, амма дица дунго хвасар гьаюлей йикIанин абураб хIужа чIчIезабизе бажаричIо, гIайиб диде ккана.

СУД

БукIана ахирисеб гIенеки. Судья хIукму цIализе залалде ячIиндал, дир бохдул тамахлъана. Гьелъ папка рагьана: «Такъсир чIезабуна Россиялъул Федерациялъул Уголовнияб Кодексалъул I05 статьялъул тIоцебесеб часталда рекъон ва хIукму къотIана анлъго соналъ гIаммаб низамалъул туснахъалда тIамизе…». ГIодилаго, квераздa маххалги ран, дун ячун ана.

ТУСНАХЪАЛДА КИНОЯЛДА ГIАДИН БУКIУНЕБ БАТИЧIО!

Гьебго сордоялъ дун ялагьизаюна колониялде. Гьение унаго, рацIцIадал нухалги, сверухъ гIезарулел тIугьдулги рихьидал, дида бичIчIана абизегIан согIаб бакI туснахъ букIун гьечIеблъи. Гьеб киналъго дида пионеразул лагерь ракIалде щвезабуна. Я СИЗОялда яги туснахъалда жаниб, киноялда бихьизабулеб гIадинаб вахIшияб хIалги гьечIоан. Юхи, кьаби, хIакъир гьайиги дандчIвачIо…

ЦохIого цо, гьениб букIана захIматаб хIалтIи. Дида тIадкъана полициялъул ретIел букъизе. Макьие заманги гIолеб букIинчIо. ГIемерисез туснахъалде ккедал хIаракат бахъула гьениб малълъараб щинаб лъикI гьабизе ва заман иналдего къватIире рорчIизе. Амма дица гьенир ругел захIматалъул шартIазда хурхарал гIунгутIабазулги бицунаан, гIемер кколаан дагIбадизе ва гIайибазукьеги. Гьелда бан тIадеги хIалтIизеги кколаан: столоваялда кумек гьабулаан, хIамам чурулаан, картошка ва цогидабги баччизе кколаан.

Дир рекIее цодагьаб бигьалъи букIана концертазда гIахьаллъизе щвей. Нижеца пьесабиги лъолаан, мисалалъе, 9 Маялде хIадурун букIана «А зоры здесь тихие» абураб асаралда. Гьенир кьурдизе ва аваданлъи гьабизе бокьулел гIемерал рукIунаро, дица абуни гьеб гъираялда гьабулаан.

Бищунго дун ялагьун чIун йикIунаан ясгун цадахъ эбел-эмен гьенире рачIиналъухъ. Лъабго моцIида жаниб цо нухалъ, ункъо сагIаталъ толаан ниж цадахъ ва цо-цо сордо базеги рес кьолаан. Гьел сардал ва сагIтал рукIана дие бищун талихIаллъун.

Ункъо сонги жаниб бан, дун УДО ялда рекъон къватIие ячIана. Гьелъие хIаракат бахъана эбел-инсуцаги дицагоги. Рокъое щварайго ясалда гьарана дида тIаса лъугьаян. Амма ясалъ кIудияй гIаданалъ гIадинаб жаваб гьабуна: «Баба, дуда гIайиб гьечIо, гIайиб буго мун гьеб гьабизе тIамарасул», - ян. Гьелъ хIатта эмениланги абичIо. Ясалъул рокьи буго дие гIумруялъул талихIлъун.

ЦIИЯБ ГIУМРУ

Дир буго цIияб талихIаб хъизан. Араб соналъ дие гьабуна лъимер. Дир рос Рустам вуго тамахав, хIеренав, ясалъулги дирги цIакъ тIалаб-агъаз гьабулев чи. РакIалдецин ккоролаан, гьединаб гIодобе биччараб, дагIба-рагIи гьечIеб, цоцазул адаб ккураб хъизан букIунилан. Дагьалъ цебе дица праваязе экзамен кьуна,

росас дие машина босана, рагьизе ракIалда буго дирго бизнесги. Цебесеб профессиялде дун юссинаро. Школа дица щуйилазда лъугIизабун букIана ва хадуб тIадегIанаб лъайги щвана. ЗахIматаб гIумру букIаниги, физикиябгун математикиял гIелмабазул кандидатлъунги яхъана.

РАКIБУХIИ КИНАБГIАГИ ГЬЕЧIО

Лъаларо лъида кин бичIчIилебали, амма дир дагьабгIаги ракIбухIи гьечIо доб сордоялъ ккараб жоялда ва туснахъалда сонал раялда хурхун. Дица гIемераб бихьараб-таралъул хIисаб гьабула, кинабго лъикI бичIчIула, лъана щиб жо кколеб гIодобе биччараб талихI, берцинаб хъизаналъулаб гIумру, буго дандекквеязе гIураб хIалбихьи. Гьединго лъала дирго къадру цIунизе ва хIурмат гьабизе, бичIчIула эбел-инсул адаб цIунизе кколеблъи, лъималазулъ бугеб хIажалъиги, рохелги, талихIги. Дида дагьалъ цебе лъана нилъго рокьулел ратиялъул гьуинлъиги. Лъаларо хадусеб гIумру кин инебали, гьабсагIаталда кинабго лъикI буго. Гьединлъидал дица абила, рос-рукъалда рекъараб хIал гьечIони, гьеб хIехьеялъ хIасил лъикIаб кьоларин, биххизе лъикIин. Доб заманалда дида бичIчIун букIарабани Арсенилгун данде ккезе гьечIеблъи, гьаб гIакъуба бихьилароан дида, доб такъсирги гьабизе ккелароан. Дун доб мехалда гIенекичIо эбел-инсухъгицин. ГIолохъанлъиялъул гIанчIлъигун рокьуцаги гуккун ятана. КигIан бокьичIониги, кьогIалги рукIуна гIумруялъул дарсал. Чияр гъалатIазги нилъеда щибго малъуларо.

Руччабаз рос яги вокьулев чIваялъул хIужаби гIемерал рукIунаро. Гьединазул процент 15 ялдеги бахунаро, бихьиназ жидерго лъади яги йокьулей чIваялъул 60 проценталде данде. ГIемериселъ лъудбуз росал чIвала жидерго яги лъимадул гIумру хвасар гьабун ва гьединал такъсиразе бигьалъабиги рихьизарун руго.

Виолетта РАТЕНКОВА

Замира Алимрадовна Рахманова ккола Россиялъул гьоркьохъеб цIайияллъун речIухъан. 2007 соналъ гьей яхъана Европаялъул ва 2011 соналъ дунялалъул чемпионлъун.

Замирал хIакъалъулъ нижеца цебеги хъван букIана, тIоцебесеб жилдалда суратги лъун. Щибха долдаса хадусеб анцIго соналъ жиндир гIумруялда жаниб хисарабали гьелъ бицана «МагIарулай» журналалъе.

- 2012 соналъ нижеца дур хIакъалъулъ хъван букIана. Гьелдаса хадуб щиб хисараб ва щиб хисичIого хутIараб?

- БитIараб бицани, кIудияб хиса-баси ккечIо. ГIицIго цо, гьанже дун къецазда цее яхъунаро, гьелъие дица лъимал хIадур гьарула. ГIумруялда абуни, хиса-баси гIураб ккана, дун рукъалде ана ва лъимал гьаруна.

- Спорталъ дуе щибха кьураб?

- Гьелъ дие кьечIелъул бицине бигьалъила! Спорт ккола дир гучги, божиги, къо хIехьезе ва мурадалде щвезе къеркьезе бажариги. Гьединго гьеб ккола командагун хIалтIи, цо ишалде цадахъго тIаделъизе бажари ва бокьи. Спорталъ гIемерал лъикIал рахъал куцала чиясулъ. Лъица щиб бицаниги, спорт – гьеб ккола гьудуллъиги, гьенир лъугьуна гIадамал унго-унгояб ишалде

РАКI РАЗИЯБ ХIАЛАЛДА

тIаделъулеллъунги. Гьениб дир гьалмагълъи ккана Гюзель Манюровалъулгун, Наташа Гольцилгун, Оля Бумбошкиналгун ва гьеб гьудуллъи жакъаги цIунунги буго. ТIаде-гъоркьеги гIемерал щола ниж. РакIалда щвезабула араб заман, лъугьа-бахъинал. Гьедин, Гюзель дихъе гьоболлъухъе щведал, ниж, рогьинегIан кьижичIого, хабаралда хутIулаан ва, радал рахъун кофеги гьекъон, унаан тренировкабазде. Наташаца дун ругьун гьаюна рокъоб ракIа-рахариялъе. Гьей йиго сундулъго гIадлу бугей гIадан. Нижерго спортивияб карьера таралдаса ниж киналго лъугьана тренералльун ва спорталъулгун бухьенги тIечIо. Спорт – нижер дунял буго! Гьел цохIо Де Кубертенаца абун тарал ргIаби гуро, гьедин бугизеги буго!

- Дуца гьанже хиджаб ретIун бихьулаха…

- Унго-унгояй бусурманчIужу гIадин ретIа-къазе гъира дир кидаго букIана, амма дирго ишалъги спорталъги гьелъие рес кьолеб букIинчIо. ТIоцевесев вас гьавун хадув имгIалас абуна «Замира, мун эбеллъун яхъана… РакIалде ккола дуе хиджаб ретIине заман щванилан», - илан. Гьеб мехалда дица абуна, гьеб дидаги ракIалда бугин, амма гьабсагIатго гуринха. Хадурги дие гьаруна васги ясги ва 2020 соналъ хиджабги ретIана. Дие хиджаб гьадингояб исламалъул къагIидаялъул ретIел гуро, гьеб буго дир диналъул, ай божилъиялъул гIаламат. БетIергьанасда божиги дилъ кидаго букIана ва хиджаб ретIаралдаса гьеб дагьабги щулалъана.

- Щиб дуе хъизан? Дур хъизаналда ругищ гIадатал?

- Нижер эбел-инсул рукIана лъабго лъимал, дун ккола бищун гьитIинай. ГьитIинаб мехалда дида ракIалде кколаан эбел-эмен нижедехун согIал ругилан. Диего лъимал гьаридал бичIчIана, дозул нижеде букIараб битIараб тIалабги гIадлу-низамги.

ГIагарлъи, лъимал, рос – гьел руго гIумруялда бищунго хириял чагIи. Яц Наиралгун дир цIакъго гьуинаб гьоркьоблъи буго ва кIудияй яс гьаюн хадуб ракIалда ккана, гьелъие яцги къваригIинилан. Гьеб ргIараб гIадин, БетIергьанас дие кIиабилей ясги кьуна. Гьединлъидал дун талихIай эбел йиго. Нижер буго ункъо лъимер, гьеб буго дир дунял, рохел, рокьи, гьудуллъи. Эбеллъун яти букIине ккола чIужугIаданалъул гIумруялъул мурадлъунги.

Гьанже ракIалде щвана дида доб жилдалда лъун букIараб сурат ва божана хъизаналъул рохел дир гIумруялде долдаса хадуб бачIараб талихIлъун букIиналда. Анищлъун букIараб жо хIакъикъатлъун ккана ва гьелъухъ БетIергьанасе гIорхъи гьечIеб баркалаги кьола. ГIадатазул бицани, нижер рукIуна гьитIиналго дандеруссиналги, рохелал гIахьал гьариги. Кире унел ругониги, нижеца цадахъ лъималги рачуна, хIаракат бахъула кинабго лъикIаб щинаб гьездаги бихьизабизе, рохел аваданлъиги гьелгун бикьизе, заманги киназго цадахъ тIамизе.

- Ункъо лъималазе тарбия кин кьолеб дуца? Кин тарбия Замирае кьолеб букIараб 2012 соналъ ва кин Замираца тарбия кьолеб 2023 соналъ?

- БитIараб бицани дун ккола лъималазде бугеб рокьудаги гьединго жавабчилъиялдаги гьоркьоб бащалъи цIунулей эбел. ГIемер бихьулеб жо буго, жидерго лъимал хиралъиялъ, улбуз гьезул гIадлу бичча-бихъан толеб букIинги. Вай, жеги гьитIинго руго, дагьалъ хадуб байбихьила гьазда малъаризе абураб балагьиялъ гIемерисел кватIун ратула лъималазе тарбия кьезе. РакIалде ккола цеесейги гьанжесейги Замира гьеб рахъалъ гIемерай хисичIилан.

Дицаги росасги лъималазда малъула гIадлу-низам цIунизе, жидеда хадуб кинабго бакIаризе, цоцазе кумекалъе ратизе, пикру дандбазе. Нижее кIвар бугеблъун ккола гьезда гьоркьоб гьуинлъи цIуни, щивниги гьезда гьоркьов ургъел-агъаз гьечIого хутIунгутIи бихьулеб хIал букIине. Дунго спорталда йигеб механъ тренировкабаздаги, сбораздаги, къецаздаги гIезегIанго сваккалаан ва ракIалде кколаан, гIеладайха дир сабру гьадин гIемералъ йикIинеян, дирго лъималазе гIезе ругодай нервабиян. Дой, журналалъул жилдалда йигей гIолилалъул букIинчIо гьелда ракIчIейги. Гьанже абуни дилъ буго лъималазе тарбия кьезе, гьелгун ясандизе къуват.

ГIемер ккола дица азбаралда, диралго гIадин, киналго лъимал рокъоре ракIариги ва мадугьалзабаз абула: «Замира, дурго ункъоязул тIалаб гьабураб гIечIого, дур бер нижеразда хадубги щолеб буго» - йилан. Дие абуни гьеб захIматаб суал буго: дунго ккола лезгияй, рос вуго аварав. Рокъобги нижеца гIурусмацI бицуна. КIияздаго нижерго рахьдал мацIалги лъала. Нижер улбул лъималаздехун кIалъала жидерго мацIалда ва лъималазда дагьа-макъабго кIиябго лъазеги лъала. Нижее бокьилаан лъималазда гьеб кIиябго лъазе.

- Дур гьира бугищ ясал кIудияб спорталде ругьун гьаризе?

- ГьабсагIаталъ дун хIалтIула васалгунги ясалгунги. Тренер хIисабалда гьеб дие цIакъ бокьизеги бокьула. Амма кутакал спортсменал хIадур гьаризе гьабсагIаталда дир рес гьечIо, заманги гIоларо. Дирго ясал жеги гьитIинго руго, гьезда аскIоб базе ккола заман. КIудияб спорталъе гIолилал хIадур гьари – кIудияб хIалтIи буго жалго спортсменазеги тренерасеги. Щиб лъалеб, бачIине бегьула гьединаб къасд гьабулеб заманги. ГьабсагIат дие сундасаго кIвар бугеб ишлъун ккола дирго хъизан, тренировкаби абуни гьадинго рекIелгъеялъе къваригIуна!

- 2012 соналъ Замирал цо кинаб бугониги анищги букIун батила. 2023 соналъ бугебищ гьеб?

- БукIарабха гьебги! 2012 соналъ Олимпиадалде ккезе! Чанго соналъ хIадурлъулейги йикIана дун гьезде. Амма черхалъе жагъаллъиги лъугьун, кинабго хвана. Гьай – гьай, гьелъ кутакалда пашманги гьаюна. Дие доб мехалда кумекалъе батана Аллагьасда божи ва гьес хъваралда тIадрекъон чIчIезе бажари. Гьеб гIиллаялъ ячана дун гIумруялъул цогидаб нухалде, ана росасе, гьаруна лъимал ва, гьезде ракIги гъун, бигьалъана букIараб къварилъи. Гьанже дица гьелъул ургъелцин гьабуларо, БетIергьанасе гьедин бокьун букIун батилин ва лъикIги ккун батилин тола. Жакъа дир анишлъун буго ХIежалде ине, Маккаялде щвезе. Ахираб заманалда гIемер щвезе бокьула хириял бакIазде. Хьул буго Аллагьас гьелъиеги кумек гьабизе букIиналда.

ХIадурана Сулгият БУЛГАЕВАЛЪ

Ралагьаразул баркалаги рокьиги кидаго щола творчествоялъулал гIадамазе – актеразе, режиссеразе, кочIохъабазе, дирижеразе. Амма гьезда цадахъ кидаго рукIуна, жал рихьичIониги, кумекалъе ратулел гIадамалги. Маданияталда гьабулеб кинабго хIалтIи – творчество ккола. Гьединлъидал жиндирго хIалтIи хирияб буго, Т. Мурадовалъул цIаралда бугеб, Дагъистаналъул пачалихъалъулаб филармониялъул директорасул заместитель ва коммерциялъулай директор София Къурбановна Разуевалъеги. Гьелъ къоло щугогIан соназ хIадурулел руго гьенир концертал, ва жиндирго иш рикIкIуна кIвар бугеблъун. ХIалтIулъ бихьизабураб кIудияб хIаракатчилъиялъухъ гьелъие «Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIарги щвана.

АСЛИЯБ ХIАЛТIИ ПАРДАВАЛДА НАХЪА

Дида София къогогIан соназ лъала. Гьей кидаго йикIуна берцинго ва къамартIго ретIа-къан. Беразул балагьиги букIуна гьелъул кIвар бугеб, дагьабго гьимигун. Гьаракьги буго хинаб ва тамахаб, амма букIине бегьула, ахIвал-хIалалъухъ балагьун, къвакIараб, хъачIабги. Чиясе къимат кьола гьесул ишазухъ, ишалдехун бугеб рокьиялъухъ, гIадамалгун рукIа-рахъине лъаялъухъ, лъикIаб гIамалалъухъ балагьун. Софияги йиго гIадамазе рагьарай, хабар – калам гьуинай, гьобол – гьудул ва хъизан – лъимал хирияй гIадан. Гьединазулъ жанисан бихьулеб цо нурги гIумруялдехун рокьиги букIуна. Иргадулаб нухалда нижер дандчIвай аваданго ана ва бокьун буго гьелъул хIакъалъулъ цIалдолезе бицине.

Филармония – захIматаб магIишат буго. Репертуарал, гастролал, дандчIваял, гьалбал къабул гьари ва цогидалги тадбирал тIоритIи кидагосеб ишлъун букIуна гьениб. Гьединалго цогидал ишал рехсезе заман гIемераб ина. Софияца жаваб кьола концертал хIадур гьариялъул. Гьей гIемерал соназ хIалтIуде уна байрамалде гIадин. БатIияб рекIел хIалгун гьабулеб хIалтIи гьебги

гуро, филармонияги хIалтIула байрамаз ва гIодоркъояз, къаси заманалда, гIадамал киналго хIалхьиялда ругеб механъ.

София Разуевалъ абухъе, филармониялъул гьечIо, гьитIинал шагьаразул филармониязул букIунеб гIадаб, гIисинлъи. Филармониялъул коллективалъе ва гьелъул артистазе къимат кьола батIи-батIиял фестивалаздаги конкурсаздаги. Гьединго филармониялъул басрияб кьер чIварал залазда гIезегIанал машгьурал ва гьунар бугел гIадамал цере рахъана. Гьелги цо кIиго нухалъ гурел, гIемерал – Лариса Долина, Леонид Серебренников, Ирина Отиева, Олег Лундстремил джазалъул оркестр ва цогидалги коллективал. РукIана гьенир академическиял ва халкъиял коллективазул цере рахъиналги ва гьеб рикIкIуна филармониялъул хIалтIуе лъикIаб къимат кьолеб рахълъун. София Къурбановналъ абуна, жиндие хIалтIи кутакалда бокьулила ва гьелдаса кIудияб разилъиги щолилан.

- Концертазул гIуцIарухъан вукIине ккола тIадчIчIун артистал хIалтIизарулевлъун. ЛъикIаб программа ургъараб гIоларо, гьеб лъикI бачине, хIадуризеги ккола, гастролалги тIоритIизе ккола. Бищунго захIматаб жолъун букIуна концертазде артисталги залалде гIадамалги ракIари, гьединго вокалисталгун солистал хIадур гьари. Гьел абуни киналго рукIуна машгьурал гIадамал, тIадегIанал цIаралги ругел, шапакъаталги щварал чагIи, РД ялъул ва РФялъулги мустахIикъал ва Халкъиял артистал.

Гьединал гIадамазул гIамалкIодолъиги камуларо ва тIалабалги цIикIкIун рукIуна. ЦохIо концерт хIадур гьабиялъе хIалтIизе ккола лъабго – ункъо моцIалъ: ричизе ккола белтал, хIадуризе ккола реклама, балагьизе ккола гьеб тIобитIиялъе рекъараб къагIидаги бакIги, ургъизе ккола гIадамал гьелда гIахьаллъиялъе гъира бижизабулеб хIалги. Гьеле гьелъие чара гьечIого къваригIуна коммерциялъулаб гьунар ва творческияб бажари. БитIараб бицани, диеги гьеб бигьаго букIунаро. Гьай-гьай, баркалабиги дагьал рукIунаро ва гьез рази гьайичIогоги хутIуларо. Пресс–хъулухъгун цадахъ лъугьун, нижеца гIемераб хIаракатчилъи бихьизабизе ккола концертал тIоритIиялъе.

Филармониялда гьабулеб хIалтIи букIуна нусго батIияб ишалдалъун гIуцIараб, гьел батIибатIиял ишал цоцалъ рекъезариялъ лъугьинабула цо композиция. Гьединлъидал киналго хIалтIаби рукIуна цоцада рухьинаризе ккол лел, тIубаларо Дагъистаналъул Культураялъул министерствоялъул цогидал учрежденияз ул гIахьаллъи гьечIогоги.

- Гьале анцIгогIан соназ гьеб министерствоялъе нухмалъи гьабулеб буго лъикIай гIадан ва жиндир ишлъалей специалист Зарема Бутаевалъ. Гьей йиго бажарун хIалтIи гIуцIулей нухмалъулей ва жийгоги гьайбатай чIужугIадан. Ниж ккола цо команда. Киналго ишал нижеца гьарула цадахъ лъугьун, - илан бицана Софияца. - Коллективги нижер гIезегIанго гъункараб буго. Гьений дун хIалтIулел гIемерал соназда жанив нахъе арав чиги цо гурони вукIинчIо. Гьебги буго нижер лъикIав директор Абакар Расулович Хайрулаевасулги художестаеннияй нухмалъулей Ирина Нахтигалилги, цогидал жавабиял хIалтIухъабазулги, дирижёразулги, балетмейстеразулги, творческияб коллективалъулги, жалго артистазулги цоцалъ хIал рекъараб къагIида букIин бихьизабулеб гIаламат. Киналго гьел руго лъикIал ва гьунар бугел гIадамал.

София Къурбановалъулгун харбида рукIаго, гьикъичIого гIолароан жибго филармониялъул басрияб, жагъаллъараб ва жаниб акустика лъикIаб минаялъул хIакъалъулъги, амма гьелъул бицине ниж лъугьинчIо, бокьун букIинчIо лъикIаб хабар хвезабизе.

Жакъа филармониялъул киналго тадбирал тIоритIула лъарагIазул, аваразул, гIурусазул театразда яги филармониялъул роолаб майданалда. Лъазе бокьун букIана филармониялда хIалтIулел гIадамал хIалтIудаса эркенаб заманалда кинал бакъназухъ гIенеккулелалиги, кинал бакънал рокьулел коммерциялъул директоралъеялиги. Баянлъана гьебги, гьел гIенеккулел руго, академическияздаса байбихьун ахирисел попсаялде гIунтIун, бакъназухъ. Рокъой абуни Софияца риччалел руго халкъиял бакънал.

Фольклоралде рокьи Софиял гьитIингоялдасаго букIун буго. Кули районалъул Кули росулъ гIурай гьелъ росдал клубалда унеб цониги концерт гьоркьоб биччалеб

букIун гьечIо. Гьединго гIахьаллъулаанила школалда хIадурулел концертаздаги. Школа лъугIидал цIализе гьей лъугьуна МахIачхъалаялъул культураялъулгун – искусствоялъул училищеялъул культпросвет хIалтIул гIуцIарухъанлъиялъул отделениялде. Хадуб лъугIизабуна ДГУялъул актеразулаб факультетги.

- ХIалтIизе дица байбихьана I9 сон бараб механда. Лъабго соналъ хIалтIана Астраханалда ДКялъул директорасул заместительлъун. Хадуй тIадюссана ва лъугьана Дагъгосфилармониялде директорасул заместительлъун, - абун бицана София Къурбановналъ.

Гьезул хъизаналда цониги вукIун гьечIо творческияб ишалъул чи. Эбел-эмен колхозчагIи. Жидер эмен Къурбан МухIамадович МухIамадов КIудияб ватIанияб рагъул гIахьалчи вукIанилан, чIухIигун бицана гьелъ, рагъдаса гьев вуссанила гIемерал орденал – медалалгун. Эбел – Узлипат ХIажимурадовна – йикIанила захIматалъул фронталъул ветеран. Рагъдаса хадур МухIамадоваз жидерго хъизаналда гIезарунила инсул вацасул кIиго лъимал ва гьезде тIаде жидеегоги гьарунила анлъгоял.

Творчествоялъул махщалилаллъун рикIкIунел артистал, продюсерал, промоутерал, администраторал, директорал гIадинал гIадамазул гIемерисезе хъизан гьабизе рес кколарила, гьел цохIого хутIулилан абураб пикру букIуна гIемеразул. Софиял абуни буго щулияб ва талихIаб хъизан. Рос ккола бакIал ралев инженер. Руго лъабго лъималги – кIиго яс ва цо вас. Гьезулги гIолел руго кIигоял. КIияйго ясалъги босун буго эбелалъул ирс ва хIалтIулел руго филармониялда администраторалълъун. Вас ккола тохтур, пластикияв хирург. Хъизан щулияб букIиналъги къуват кьолила гьабулеб ишалъеян абуна Софияца ва гьелъ филармония рикIкIунеб буго жиндирго кIиабилеб рукълъун.

Виолетта РАТЕНКОВА

Пумруялда жаниб чанги жо ккола...

Дир эбел-эмен гьечIо. ГIуна лъималазул рокъой. Гьениб школа лъугIулеб заманалда дихъе вачIана имгIал. Жив киналъего дур инсуе налъулавлъун хутIанила ва гьанже дуе кумек гьабизе бокьун бугилан. Гьес гьарана жинда цадахъ Тюменалда хIалтIизе йилъайилан. Амма дица инкар гьабуна. Гьеб механалъ имгIалас дие квартира босана, педуниверситеталда цIализе лъуна, хIажаталъе хIалтIизабизе гIарацги кьуна. Жинца кидаго дуе кумек гьабизе бугиланги абуна дида имгIалас.

Дица гьеб гIарац гьадингосел жалазухъ хвезабичIо, босана компьютер, лъазабуна гьелда хIалтIизе. ГIемер баркала кьолаан дица, гьединаб санагIалъи дие гIуцIарав, имгIаласе. Лъималазул рокъор гIурал къанагIатазеги щолеб давла гурелъулха гьеб кколеб. Гьаб согIаб дунялалда бигьаго букIинароан диеги лъай босизеги, хIалтIи балагьизеги, рукъ щвезеги. Дун кидаго дунго йикIунаан, дарсазде ва библиотекабазде хьвадун, рокъой компьютералда хIалтIун.

Гьеб заманалда, ракIалдаго гьечIого СагIидилги дирги лъайхъвай ккана. Шагьра бахунеб бакIалда дида машина тункана. Гьений гIодой ккун, гIакълуялдаса уней йикIаго, дир беразда цебе паркъана диде тIаде къулараб, кьер тIураб, гьумер. Больницалда лъавуде ячIиндал бицана дида машина речIчIизабурав гIолилав гьекъон вукIанилан. Гьениб дида лъана гьев цIар рагIарав гIалимчиясул вас вукIин ва дие кумек гьабизе хIадурал рукIин.

- Дуцаги инкар гьабуге, гьел ресалда ругел чагIи руго, - ян малъулелги рукIана дида. Дир черхалъе абуни гьедигIанго кутакаб зарал ккун букIун батичIо, дагьа-макъабго хъарса-кIатIун йикIана. Амма гIемер унтулаан бетIерги бекараб рукьги.

СагIид, эбелгун цадахъ, дихъе щибаб къоялъ вачIунев вукIана. РачIунаан гьез нигIматалги, дарабиги, цогидабги.

- Дуца битIараб гьабун буго эбелинсуда лъазабичIолъи, щай гьезулги рахIат хвезабун, нижеца чIезабила кинабго дуе къваригIараб щинаб,
- илан абуна СагIидил эбелалъ, больницалдаса дун къватIие йиччалеб къоялъ.

- Лъазабизе дир эбел-эмен гьечIелъулха, - ян, балъго гьабичIого, абуна дицаги. Дир гьелъул васасдехун щибниги дагIба гьечIин ва рахIат хун йикIине ккеларилан бичIчIизабуна эбелалда.

Больницалдаса дун СагIидица рокъое щвезаюна. Хадув къойил вачIунаан институталде щвезайизе ва нахъе ячинеги. Гьедин ниж щибаб къойил дандчIвалаан, гIемераб хабар бицунаан, цадахъ заман балаан. Цо заманалдаса дида бичIчIизе лъугьана дир гьесухъ рокьи кколеб букIин. Амма дида бихьулеб букIана СагIид цохIал кколарев, цин тамахав, аваданав, цинги хъачIав лъугьунев вугеблъиги. Заманалдаса дида лъана СагIидил балъголъи. Гьес церегоялдаса хIалтIизарулел рукIун руго наркотикал ва гьел тезе бажарулебги букIинчIо гьесухъа. Гьеб гIиллаялъе гIоло тун букIана гьес университеталда цIалиги, гIумру гьабизе вахъун вукIана эбел-инсудаса батIаги. Инсуда лъачIого эбелалъ гьабулеб букIана гьесие кумек, кьолеб букIана гIарац.

Цо къоялъ СагIидги мукIурлъана жиндие дун йокьулей йикIиналъе ва гьардана жив рехун тогеян. Дицаги гIемераб хIаракат бахъана гьев наркотказул квачIазукьа вахъизе, чанги сардал рогьана гьесул, «доза» щун хадусеб, рукьбал гьалдолеб хIал бигьалъизабиялъе. Щибаб нухалда тезе бугилан ргIи кьуниги, заман иналдего добго хIалалда вачIунаан гьев рокъове. Дидаги бажарулеб букIинчIо гьев, дие гIагаравлъун лъугьарав чи, тезе ва кумек гьабичIого чIезе.

СагIид лъазегIан дир лъилгунгIаги гьоркьоблъиго букIинчIо, дун йокьулин абулев чиги вукIинчIо. Гьединлъидал батизе бегьила, дие цIакъго къваригIун букIана гьесул рокьи, хинлъи, гьуинлъи, эбел-инсулгицин дида лъачIеб хIеренлъи-хIалимлъиги. Дица гьев дихъего вачана гIумру гьабизе ва гьесул эбелалъулги кинаб букIаниги дандечIей букIинчIо. Гьей нижехъе гIемер щолаан ва гьанже жиндие васасул ургъел бигьалъанилан абулаан.

Лъугьинаро СагIидида цадахъ йикIун дида бихьараб щиналъул бицине. Дица кинабго хIехьон букIана, хIатта диде квер борхиги, рокъоса гIарац бикъиги. КъватIиб бицинчIого тана дица цо нухалда гьесда цадахъ рачIарал, наркотиказ кIотизарурал, гIолохъабаз дида хIал гьабизе бахъинги. Кинабго

гьеб букIана дие гьев вокьиялъ, гьесул бугеб хIал бигьалъизабизе къваригIиналъ гьабулеб сабру. Дун божулей йикIана гьев сахлъизавизе бажариялда. Гьесул эбелалъги, дица хIехьолеб щинабги бихьун, дие кидаго баркала кьолаан …

Гьедин ана лъагIел. СагIидица чанго моцIалъ бана наркотикал хIалтIизаричIого. Гьеб заманалда дун лъимаде ккана ва нижеца хIукму гьабуна ригьнаде руссине.

СагIидица гьеб рохел бицана эбелалъе. Гьей абуни, нижго ругеб хабарги ккезабун, лъугьана гьабсагIаталда нижее лъимер хIажат гьечIилан. ГIемерал рукIана гьелъ рачунел гIиллаби, абуна гьединав бихьинчиясдаса ккараб лъимер сахаб букIинарила, гьев сахлъизегIан заманалъ цIуна-къан рукIине кколаанила. Гьел киналго гIиллаби дица рикIкIунел гьечIеллъи ва СагIидиеги лъимер къваригIун букIин бихьидал, гьелъ лъазабуна гIагарлъиялъ гьединаб, ригьнада гьечIого гьабураб, лъимер къабул гьабизе гьечIила, гьеб хвезабизе ккколилан. Гьеб мехалъ хехго нилъеца гIагарлъиялдаги лъазабилила, бертинги гьабилила. ТIадеги гьелъ дида гьарана кинабго балъго гьабун тейилан, лъиениги къваригIараб хабарги гьеб гурилан.

- Щайха гьанже гьеб ургъел СагIидиеги къваригIараб? Гьадинги захIматаб заманлъидал гьесул бугеб. Нилъ кIиялго ручаби руго, нилъеда гIемераб жо жанибго ккквезе лъазе ккола, - янги абун гьелъ дун лъалей тохтуралъухъе ячана ва гьелъ малъухъе дица кинабгоги гьабуна. Нижеца гьеб кинабго гьабуна СагIидидаса балъго. Дица гьев божизавизе ккана лъимер гьадинго ракIалде ккараб жо батанилан. Живгоги квешго пашманлъун вукIаниги, чIечIого гIодией йигей дие ракI батизе хабарги бицунаан гьес. СагIидида щибха лъалеб щай дун гьадигIан цIакъ гIодилей йигеяли. Нилъер жеги рукIина лъимал, дие кIиго васги ясги рукIине бокьун буго диейилан гIодое йиччазаюлей йикIана гьес дун.

Гьай-гьай, лъимер рехизе разилъичIого йикIинеги бегьулаан дун, амма бокьун букIинчIо дидехун хинго йикIуней гьесул эбел пашман гьайизе. Гьениб ккун батила дир гъалатIги, дун божана долда.

Гьелъ дун божизаюна кутакаб бертин букIинила, берцинаб ретIел босилилан абун. Детдомалда гIурай ясалъе бахIаралъул горде ретIине щвеялдаса кIудияб рохел щиб букIинеб. Аслияб къваригIараб жо гьеб гуро букIараб, къваригIун букIана ракIалъ восарав вас ккквезе, гьесие лъималги гьарун хъизан гIуцIизе. Гьев гуревги, дие йокьулаан гьесул эбелги, хIатта цониги нухалъ вихьичIев эменгицин. СагIидида хурханщинаб дие кинабго бокьулаан, бокьулаан гьесие квен гьабизе, гурдал чуризе. Гьесда аскIоб гIорхъи гьечIеб талихIалъ биунеб букIунаан дир ракI.

ТIаса бер босун СагIидги хутIичIого вукIине, кидаго гьесда аскIой йикIинелъун дица цIалиги заочныялде сверизабуна. Амма цогинухалъ наркотиказул кIотиялда гъоркь СагIидица хвезабун батана рокъоб букIарабщинаб гIарац. Гьеб мехалда дица лъазабуна, яги мун больницаялда вегилин, яги нилъ ратIалъилин. СагIидги разилъана, амма гьаб хабар эбелалда ргIизабугеян гьарана. Сахлъизавиялъе хIажалъана гIемераб гIарац. Рокъоб букIараб компьютерги бичун, дун хIалтIизе лъугьана косметика бичулеб

фирмалде. ХIалтIана сордо-къо, рахIат-хIалхьи лъачIого. Гьединги гIарац гIолеб букIинчIо. ТIадеги дун лъугьана нижерго институталда уборщицалъун хIалтIизе…

ХIалица гIадин лъугьунеб букIана СагIидие мадар. Дир рохалие гIорхъи букIинчIо. Нижеца хIаракат бахъана СагIид цIидасан институталда цIализе лъугьинавизеги. РакIалда буго гьесул эбелалъул рохел ва инсуцаги баркала кьолеб бугин диейилан гьелъ абураб. Жиндирго имгIаласул фирмаялде хIалтIизеги лъугьун, лъикIаб харж бачIине лъугьана СагIидие. Уборщицаялъул хIалтIиги тун, очно цIализе лъугьана дунги, СагIидил гьариялда рекъон.

- КъваригIанщинаб дуе чIезабизе дур рос вуго, - ян СагIидица абидал, талихIалъ зодое яхинаюлаан дун. Унгояб ригьин букIинчIониги, Нижеца нахъа тун букIана, гIемераб захIмат баччараб, лъабго сон.

Гьеб лъабго сон данде щолеб къо кIодо гьабизе СагIид вачIинчIо. Радал къватIиве унелъул гьес гьимулаго абуна сайгьат рокъоб бугила ва тIугьдул къаси рачIинилан. Гьес тараб сайигъат дида хехго батана – берцинаб ва хирияб баргъич бугоан.

- Лъаларо щай дуца нилъер ригьин нахътIамулеб бугебали, дие бокьун буго гьеб тIубазабизе. Бокьун буго киназдаго мун дир лъади йикIин лъазе, лъимал гьаризе ва гьел гIезаризе. Дица жакъа эбел-эменги ахIила нилъехъе кванде ва гьездаги рагIизабила дир мурад. ГIеларищха дир хIалал рихьарал? Абила, гIелин гьанже, гьабейин бертинилан. ГьабичIони, гьеб гьечIогоги тIубала, нилъ кидаго цадахъ рукIина, - ян абун букIана гьес цебеселъ къаси дида.

Гьале доб талихI. Дун хIадурулей йикIана тIадегIанал гьабал кигIан кIваниги лъикI къабул гьаризе. СагIид эбел-эменгун вачIиналъухъ ялагьун чIун йикIана дун. Хасго гьесул эмен вихьизе букIана гъира. СагIидица абулаан гьев лъикIав чи вугилан. Дир кIудияб анищ букIана вокьулесул эбел-инсуе къабуллъизе ва гьезие гIагарайлъун лъугьине. Дир талихI бихьуларищ, гьадигIан лъикIаб гIагарлъи буго дир гьанжейиланцин ккун букIана ракIалде.

СагIид кватIидал дун рахIат хун лъугьана. Эбел-инсухъ ватилилан, гьенибе ахIидал телефон босана эбелалъ. СагIид, ракIалда гьечIеб ишги ккун, имгIалгун цадахъ командировкалъ ине кканилан абуна гьелъ ва тIадеги жубана жиндие дунгун гара-чIвари гьабизе къваригIун бугилан.

Хадусеб къоялъ гьей дихъе ячIана. Нижер гIодоре риччараб хабар ккана. Гьелъ абуна, жиндир васасе гьабураб щиналъухъ жий накабазда чIчIезеги хIадурай йигила, амма дун ячиналде данде чIчIун бугила кинабго гIагарлъи, хасго эмен. Жиндир рагIиги хъизаналда цебе биччаларила, рос вугила аслияв чи, гьединлъидал ниж ратIалъизе гIилла балатизе кколила.

- Мун цIодорай ясги йиго, лъазе ккола эбел-эмен разилъичIого гьабураб ригьналъ баракат букIунареблъи. ГIагарлъиялъ ва гьесул инсуца нужее гIумру гьабизе рес кьезе гьечIо, гьединлъидал дуца СагIид тезе ккола. Дида кIоченаро дуца гьесие гIолон хIехьараб щинабги, - абун гIодизе лъугьана гьей. - Мун танани инсуца гьесие кинабго гьабизе буго. Гьединлъидал, дир месед, къезабуге васасул талихI, те гьев живго. ГIайибги гьабуге, къисмат букIун гьечIо, щиб гьабилеб… - ян хIохьел сверичIого гIадин абуна СагIидил эбелалъ. Гьей хIинкъун йикIана гьоркьоб калам гьабизе дие рес кьезе. Ахиралда, дагьалъ лъалхъизеги лъалхъун, тIадеги жубана:

- Дие бокьун буго дуда лъан букIине: СагIидида лъана дуца лъимер хвезабураблъиги. Божуларого гьес гьедизеги тIамуна дун. Дицаги битIараб бицинчIого тIубачIо, наркомасдаса лъимер гьабизе бокьичIолъи дур битIараб букIаниги.

Дун, гIадалъ жо бараб гIадин, цIорон хутIана. Нахъе унаго гьелъ дида къвал бана, кIочарана, гьедарана кидаго кIоченарила дица СагIидие гьабураб щинаб, бокьараб кумек гьабизеги хIадурай йигила. Гьей аралдаса дун добго бакIалда чIовухъе хутIана, ракIалде ккколеб букIана гIадаллъулей йигилан... Чанго къо бана къватIие яхъинчIого, кванчIого ва макьу щвечIого.

Ахирги дида бажарана СагIидил къайи бакIаризе. Гьесул пиджакалъул кисиниб лъуна доб, дица ххечIеб баргъичгун гьитIинабго конверт… НуцIа дие рагьана гьезул рукъосеб хIалтIи гьабулей гIаданалъ ва дица, щибго абичIого, сумка гьелъухъе бегьана.

Цо къоялъ радалго дир нучIихъ зангъи бахъана. КIалтIа вугоан СагIид. КигIан гьев кIетIаниги, дица нуцIа рагьичIо. Хадувги вачIана дов чанго нухалъ. Дида лъачIо щиб гьесие къваригIун букIарабали. Дида рагIана мадугьалалъулгун гьесул букIараб хабар. Гьелъ абулеб бугоан, доб къоялъ дун сумкабигун къватIие уней йихьанила ва жинда кколила дун киялиго яхъанилан. Гьеб хабаралъ рес кьуна диеги цо хIукмуялде ячIине.

Дун ана Тюменалде, имгIаласухъе. Дилъ букIинчIо я ракIхвей, я щин, я ракIунти. ЦIорон букIана кинабго.

Щивниги гIайибиявги ватиларо гьенив. ГIицIго вокьулесул эбелалъ дие кьуна «гIумруялда иш бокьахъе ккезе бегьиялъул» дарс. Гьелъ абидалха: «Къисмат букIун гьечIо, дир месед, гIумруялда жаниб чанги жо ккола…» – ян.

Альбина И. бицараб хъвана
Эльмира ИБРАГЬИМОВАЛЪ

ЧIУЖУГIАДАН, ЩИБ БУГЕБ ДУР ЦIАРАЛЪУЛЪ?

Гьурмазулъ тарих…Заманги, гIадамалги, гIумруги, гьезул къисматалги рагьуледухъ, рекъон ккезабун, гьуинго бицунеб сабураб хабаралъулъ бихьула магIарул чIужугIаданалъул хIакъикъияб сурат, цебечIола гьелъул захIматаб гIумру, бихьараб гIакъуба – балагь, бихьиназда бащадаб бахIарчилъи, хъизан – лъимал гIезариялъулъ гьелъул букIараб кIудияб жавабчилъи ва, гьеб киналдего тIаде, кIудияб къвакIиги къадруяб хасиятги…

МагIарул чIужугIаданалъул тIабигIат – гIамал кидаго букIана хассаб мугIрузулаб романтикалъун, цIодорлъи ва тIокIлъилъун бихьулеб гIаламат. Цо рахъалъ сабурай ва къвакIарай, хъизаналъул къадруги мугIрул лъикIал гIадаталги цIунарай, цогидаб рахъалъ ракI тамахай, гIадамал хирияй, хIеренай ва хIалимай, гъансито цIунизе ва лъималазе тарбия кьезе лъалей йикIиналъулъ букIана гьелъул тIокIлъиги тIадегIанлъиги.

Чанги батIи-батIиял рукIуна руччаби. Гьанже заманалда магIарулалъ гIумруялда кколеб бакIалги гIемер батIи-батIиял руго. Амма аслияб рахъ гьезул кидаго хисуларо. ЧIужугIаданалъул гIумруялъул мурадлъун букIуна хIеренай эбеллъун, хIалимай лъадилъун, хирияй кIодоэбеллъун йикIин, хъизаналъул хIубилъун хутIи. Кинал ишазда йикIаниги, хъулухъазда хIалтIаниги,гьеб рухIияб аслу хисичIого хутIула.

Гьединал пикраби рижула Сугъралъа ПатIина Варисовалъул руччабазул хIакъалъулъ очеркал цIалидалги. Гьезул гIумруялъул ва къисматалъул хIакъалъулъ бицунаго ПатIинаца цебе чIезабула заманги, гьелъул хаслъиги, цIунула заманазул бухьенги, рагIула гIелазул ва гьезул рукIа-рахъиналъул хаслъиги. Тарихалъул щибаб заманалде гьабулеб экскурсилан ккола ПатIина Варисовалъул хъвалебщинаб. Гьедин нилъеда цебе чIола рикIкIадаб ва гьанжесеб заманал. Бихьула гьел заманазул батIалъиги релъинги, лъала гьенир рукIарал кIвар бугел лъугьа-бахъиналги. Махшалида хъвараб литературияб асарлъун лъугьуна гьелъул щибав чиясул хIакъалъулъ бицунеб хабар ва хъвалеб очерк. Дица ПатIина ХIажиевналда гьикъулеб буго кидайин гьелда ракIалде ккараб руччабазул гIумруялъул хIакъалъулъ гьединаб къиса хъвазейилан.

- Лъалищ, гьеб дир ракIалда кидаго букIун батила. Сугъулдерил руччаби ккола кинабго умумузул букIараб лъикIаб гIамал-тIабигIат жиделъ бессарал ва, лъикIго цIунун, гьеб ирсилазухъе кьезе лъалел, гьелъулъ жидер къадру цIунизе бажарулел, руччабазул кьвараб низам кквезе лъалел гIадамал. Абизе бегьула гьеб бугин, дагъистаналъул руччабазул киназего гIаммаб, бакIалъулаб хасаб гIаламатиланги.

Жийго ПатIина ХIажиевнаги йиго гьединаб, мугIрул чIужугIаданалъе хасиятаб тIабигIат – гIамалалъул гIадан. Гьелъул дунялалде балагьиги буго магIарухъ гIуралъулгIадинаб. ДГУялъул къватIисел мацIазул факультетги лъугIизабун, тилмач хIисабалда, дунял сверун хьваданиги, гIемерал соназ мугIалимлъи гьабун хIалтIаниги, гьей хутIана тIадмагIарухъ гIурай ва гьелъул тIабигIат чорхолъ бессарай магIарулайлъун. Гьелдаго цадахъ ПатIинал цIех – рехалъулал хIалтIабиги руго тIадегIанаб даражалда хъварал, лъикIаб профессионалияб къимат жидее кьурал. Гьелъ руссинарула захIматал техническиял, тарихалъулал, гIелмиял ва литературиял текстал. Гьезул ахирисезул цояблъун буго МухIаммад Хишама Каббанил «Тарих ва Накъшбандиязул суфиязулаб нух Меседилаб рахсил валиязе бихьизабулеб хъвай – хъвагIай» абураб. Гьеб ккола накъшбандиязул кIикъогоязул ичIго дагъистаниял шайихазул хIакъалъулъ хъвараб тIехь. Буссинабуна гьелъ Э. Аствацатурянил «Дагъистаналъул ярагъ» абураб тIехьги. Гьединго цIалдолезда лъикI лъала ПатIина Варисовалъул «Хвалчада бащалъулаан рагIи» абураб монографияги.

- Дица гIахьаллъи гьабуна Ш. МикагIиловасул «Суратазда Дагъистан», «Лъабго мацIалдамаргьаби» абурал тIахьал гIурусалдаса авар мацIалде ва хадур ингилис мацIалде руссинариялъулъ, - ян бицана ПатIина ХIажиевналъ. – Лъалищ, нижер хъизаналда гIуна щуго ясги цо васги ва киналго гьел ана медициналде. Дидаги гIемераб заманалъ лъаларого букIана медицинайищ

тIаса бищилеб тилмачлъийищали. Дир ракIбухIичIо кIиабилеб тIаса бищиялдаса. Лъебергоялдаса цIикIкIун соназ хIалтIана ДГПУялда къватIисел пачалихъазул мацIазул кафедраялда, жеги ракIалде щола студентал ва гьелгун тIамураб заман.

ПатIина Варисова хIалтIана автомобилазулгун – нухазул институталъул дагъистаналъул филиалалда къватIисел мацIазул кафедраялъул заведующаялъун. Гьей ккола филологиял гIелмабазул кандидат, гIемерал гIелмиял макъалабазулги гIелмиялгун методикиял пособиязул автор ва соавторги. Гьелъие щвана «Дагъистаналъул Лъайкьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIар, МАДИялъул рахъалдаса хIурматияб грамота

- Мун йиго захIматчIужу. Инсулго хасият батизе ккола дулъ бессун?

Гьей гьимана:

- Батизеги бегьила. Эмен рагъде ун вуго I6 сон бараб механда, жиндиего бокьун. Разведчиклъун вукIарав гьесие тIоцебесеб нухалда рагъул гIахьаллъи гьабизе щун буго Кавказалъул щобазда. Гьенив лъукъун вуго ва щун руго рагъулал шапакъатал. Кьварарав чи вукIана дир эмен. АнцIила щуго соналъ нухмалъи гьабуна гьес Гъуниб районалъе. Абизе кIола жакъаги къамартIго вугиланги. Сонал гIезегIан раниги, гьес хал ккола киналго лъугьа-бахъиназда хадубги. 20I4 соналъ инсуе кьуна «Россиялъул патриот» абураб медаль. Гьеб буго тIаде гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъухъ бихьизабураб шапакъат. Эмен нижее кидаго вукIана къадруяв инсанлъун. Эбел абуни йикIана гIодое йиччарай, гIакъилай ва рукъалъул къимат лъалей, унго-унгояй магIарулай. Гьелъ жиндаго релълъараллъун гIезаруна ниж ясалги.

Заманалдаса, «руччабазул» материал гIезегIан бакIарун букIинги бичIчIун, ПатIинаца байбихьана очеркал хъвазе. Гьелъие «Сугъралъ» газеталда рагьана «Нилъер руччаби» абураб рубрика ва гIемераз кумек гьабуна гьеб хIалтIи лъикI бачиналъе. Хъвазе абуни гьелъ жинцаго ккана, гьеб бигьаяб ишги букIинчIо. ПатIинаца аслияб къагIидаялда хъвала хъизаназул гIумруялъул хIакъалъулъ ва гьенир гIатIидго рихьизарула руччаби.

- Дие кIвар букIуна, цохIо машгьурал руччабазул бицун течIого, гIадатиял захIматчагIи рихьизаризеги. Щалниги тIасаги рищуларо, ратIаги гьаруларо, гьечIеб тIаде жубан, тIадегIанаб къимат кьезеги дун лъиениги лъугьунаро, амма хIаракат бахъула гьел лъикIаб рахъалдаса рагьизе, рихьизаризе. Гьедин хъварал макъалаби – очеркал лъикIалги рукIуна.

Унгоги гIадатиял гIадамал руго ПатIинаца жидер хIакъалъулъ хъвалел, гьел ккола мугIрузул гIадат – гIамалалъул руччаби.

Гьединал макъалабазул ва очерказуллъугьана тIубараб тIехь. Гьеб ккола ункъо бутIаялъулаб тIехь – кIиго бутIа макъалабаз ва кIиго бутIа суратаз ккураб. Щибаб бутIаялдаса бутIаялде гьей ячIуней йиго дагъистанияй, магIарул чIужугIаданалъул, эбелалъул, яцалъул, лъадул хIакъалъулъ хIакъикъияб гIумру жиндилъ бихьулеб суратги бахъулаго. Гьениб букIуна хъизаналъул дандеруссинги, васазе бихьинчилъиялъул, ясазе рукъ хьихьиялъул тарбия кьейги. Гьенир руго ВатIан цIунизе бихьиназе кумекалъе рахъиналъул, захIматалъул фронталда хIалтIиялъул, росулъ гIаммаб магIишат гIуцIиялъул, хъизаналъул гъасито ва гIагараб ракь цIунизе хIадураллъун руччаби ратиялъул бицунел харбал.

Жиндирго росдал руччабазул хIакъалъулъ хъвалелъул авторалъ жанире рачун руго, гIицIго гIагарал ва лъалел рукIарал гурелги, киналго, жидер бицине ва хъвазе мустахIикъал щинал. Гьедин гьелъ рихьизарулел руго нилъер ва цебесеб заманалъул, Дагъистаналъул культура ва гIадатал цIунарал героял. Цо рахъалъ захIмат буго гьелъул героял ратIа рахъизеги, цогидаб рахъалъ гьезул щияй ккола жиндирго къисматги хасиятги бугей магIарулай. Цого къагIидалда гIатIидго рагьулеб буго ПатIинаца киназулго гIумру, бихьизабулеб буго лъикIаб гIамал – тIабигIат. ЙикIа гьей гIадатияй, росу – ракь разияй ва кьибил – тухум чIухIизе бегьулей медсестра яги машгьурай, лъеберго гIелмияб хIалтIиги хъван, Дагъистан машгьурлъизабурай археолог, батIалъи гьечIого цебечIезабулеб буго магIарулалъул захIмат, хIаракат ва тIабигIат.

Гьедин, Варисовалъул героинял ккола гIадатиял, захIматалъ лъадарарал руччабиги, гIалимзабиги, жамгIиял хIаракатчагIиги. Гьезул захIмат букIуна гIадамазе пайдаяб, гIаммазе хIажатаб. Щибаб харбилъ нилъеда йихьула кинаб букIаниги бажари – гьунаралъул, жиндиего хасиятаб тIабигIат – гIамалалъул ва гIумру – яшавалъул магIарул чIужугIадан. Гьезул хIаракаталъулъ загьирлъун букIуна заманазда гьоркьосеб бухьен, гIумруялдава рухIияб рахъалда лъугьунеб кIудияб хиси, кколеб цебетIей. Авторалъухъа бажарула магIарул чIужугIаданалъул жанисеб дунялги, дунялалде бугеб балагьиги цIалдолезда цебе рагьун лъезе, цебесебги гьанжесебги данде ккун, дунялалъул пикру гьабизе тIамизе, цIилъулеб гIумруялда магIарул чIужугIаданалъ нилъер цебесеб культура ва лъикIал гIадатал цIунулел ругеб куц цебечIезабизе. Гьединго гьелъ бихьизабула нилъер ракьалъул тIабигIаталъул берцинлъи: гьайбатал рохьал, минабазда тIад тIавап гьабулел цIумал, чвахулел гIорал, магIарулазул некIсиял кулал. Гьеб киналдего букIунеб ракIщвейги цебечIезабула.

Щибаб хабар хъвалаго авторалъ пикру гьабулеб буго, щийха гьей магIарул чIужугIадан кколей абун. Гьелъул гIумруялъул ва ишазул бицунаго, аслияб рахъ мухIканго батIа гьабулеб буго кIвар дагьалдаса ва кьолеб буго баянаб къиматги, рагьулеб буго щибай героинялъул тIокIлъиги, бихьизабулеб буго гьезул гIаммабго тIадегIанлъиги.

Литературияб ва публицистикаялъулаб мацIалдалъун ПатIинаца бицунеб буго жиндирго ракьцояздехун бугеб рокьиялъул ва ракьалде бугеб чIалгIеналъул хIакъалъулъ. Гьедин, хIайранго ва хIисабалда бихьизабула гьелъ магIарул киналго руччабазе хасиятаб сурат, дагъистаналъул мадонна – магIарулалъул образ. Гьеб буго гьаниб бицен гьабулеб басмаялъул тIокIлъиги.

ГIайшат ТАЖУДИНОВА

Сют-Булакъ – рахьдал иццц

Къалъул заманаялъ хIалтIудаса къватIире рахъиндал, гIемерал щолаан ниж рахь-хIаналъул, нижедаго гьоркьоб «Къакъащурасезул»-илан цIар лъураб, тукаде. Кидал щваниги гьениб кидаго букIуна кутакалда тIагIамаб, цIияб, жакъасеб рахьги, хIанги, нахги, тIорахьги, нисуги.

Сонал унел руго. Амма цебего гIадин раккулел руго гьебго тукаде, къваригIараб-таралда хадур. Цо нухалъ гьенире щвейгун, нижеда гьений ятана гIажаибаб хинлъи жиндаса чIвалей чIужугIадан – ргIа-рачариго букIана гьелъул берцинаб. Йичарухъаналъ «Гьалеха тукадул хважаинги, – йилан нижер лъай-хъвай гьабуна тукенчIужуялъ гьелъулгун. – Кинабго Узлипатица жиндирго квераз гьабула». Ниж лъугьана тукадул къайи беццизе, гьелъие баркала кьезе. «Ва, нужеца бицунеб щиб? БатIияб жо гьаниб щиб бугеб? Киназго гьедин гурищ нисуги хIанги бахъулеб», – илан нечон лъугьана Узлипат. Гьеб мехалъ бачIана пикру, гьелъул ва гьеб берцинаб хъизаналъ цебе бачунеб бугеб хозяйствоялъул хIакъалъулъ журналалда хъвазе.

Атайги Узлипатги Расуловал руго «Къакъашура Сют Булакъ» абураб фермеразул хозяйствоялъул хважаинзаби. Жакъа къоялде гьениб буго 300 гIанасеб чIегIерхIайван, рахьдал продукция гьабулеб производствоялда хIалтIулев вуго 15 чи, цебетIеялъе ресалги руго.

Узлипатица бицана жидер КФХялда къоялъ 3,5 тонна рахьдал хIалтIизабулилан ва хасал жидерго тукабиги ругила гьеб продукция бичизе. Шагьаразул кIудиял тукабахъеги кьолила жидеца «Къакъашура Сют Булакъ» цIаралда гъоркь продукция. Цо нухалъ жидер хIан, нах, нису, тIорахъ, бетарахь босарал, кидагосел жидер клиенталлъун лъугьуниланги бицана гьелъ.

ЯчIун йикIана Узлипат журналалъул редакциялдеги. ГIемерал суалал ратана нижер гьелъие кьезе: кидагIаги нужер заман букIунеб гьебгощинаб хIалтIи гьабизе? ЛъималаздегIаги регIулищ нуж? Кинал рецептал нужеца хIалтIизарулел? Кинаб оборудование нужер бугеб?...

КьучIал жавабал кьуна Узлипатица нижер суалазе.

- Дун гIуна кIудияб хъизаналда. Росулъ кьиматги букIине ккани, ресалдаги рукIине ккани, аслияб жолъун букIана хIалтIи бокьи. Эбел-эмен гьеб рахъалъ нижее мисаллъун рукIана – ниж ракIбацIцIадго, кIвахI лъачIого хIалтIулаан, гIадамазда гьоркьоб кIудияб адаб-хIурматги букIунаан. ИмгIал вукIана фермаялъул нухмалъулев. Доб заманаялъго гьес ргIи кьун букIун буго жиндирго гьудуласе вас хIалтIизе восилилан (Цере кIанцIун бицинин, гьев

вас вуго Атай – Узлипатил вукIинесев рос). Гьес, ргIиги ккун, армиялдаса вачIарав вас восула хIалтIизе. Ва киданиги ракIги бухIуларо – Атай ватула лъикIав, жавабчилъи бугев, цIияб лъазе бокьулев, гьорлъе ваккун иш лъазабулев хIалтIухъанлъун. ГIемер заман иналде имгIал мукIурлъана, ракIги гIодобе биччан, Атайихъе фермаги кьун, жив хIухьбахъиялде ине бегьулеблъиялъе – йилан, рекIелъ чIухIигун, бицана Узлипатица нижее, жиндирго росасул хIакъалъулъ.

– Кидалха нужецаго хIанги, нисуги, тIорахьги бахъизе нужеда ракIалде ккараб? Рахьги заводалде кьун парахат рукIине бегьулаан гурищ нуж.

– Жеги Атай фермаялда хIалтIилев вукIана. Доб механ кисанго бачIунаан нижехъе рахь, ва Атайица, флагяби цIун, гормолзаводалде кьолаан. Колхозал рихханиги, росдал гIадамаз жеги рахь кьолаан. Гьеб механ пикру гьабун бугоха Атайица гьеб рахьдал нисуги хIанги нилъецаго гьабуни бегьунгутIи букIинадайилан. Технология ва кин гьеб гьабилебали гьесда кигIанги лъикI лъалеб букIиндал. ЦохIо хIажат букIана гьеб жаниб гьабизе бакIги оборудованиеги. ГIагарлъиялъ ва лъалел-хъвалез кумекги гьабун, гьел захIмалъабиги нахъа тана.

Байбихьана нижеца цо рахьдал флягаялдаса. Аслияб масъала букIана гьабулеб продукция лъикIаб гьаби – чи тIад кIалъалареб тIагIам. Бигьаго букIинчIо. Цо-цо механ ракIгицин буссунеб букIана. Аслияб проблема букIана росдал гIадамазухъа босулеб рахьдал качество. Пикру ккана нижерго ферма бугони лъикIаб букIинилан. Амма гьенибги гIемераб рахъалъул пикру гьабизе ккана: кIудияб ферма арендаялъе боси, ргIи-хер чIезаби, гIакаварачазул бербалагьиялда гъоркь гIачиял чIезари… Гьел проблемабазулги суалазулги ргIа-ракьанго букIинарин кколеб букIана цо-цо механ.

Расуловазул хъизаналъул гIадатго бугелъун кинабго жидерго квераз гьабулеб. Бокьараб иш лъикI гьабизе ккани, гьеб иш кутакалда лъикI лъазеги кколила, нилъецаго гьабизеги кколилан абуна Узлипатица. КисагIаги жидее къуватилан гIажаиблъи гьабулеб буго гьелъ жинцагоги. Цо фляга гуреблъидал, тIубарал 500 литр жанибе тIолел ваннаби цIунлъидал рахь хIалтIизабулеб букIараб. Цоялъуб рахьдае бетизе данде кколеб температура чIезабун, цогидаб тамахаб хIан бахъизе хIадурун. Цо гьитIинабгIаги гъалатI ккани, холелъул кинабго цадахъ. Нису цIекIлъула, хIан кьогIлъула.

ГIолохъанал фермеразул гIемерал проблемаби букIана. Кодор гIисинал лъималги! Амма гьезул букIана цебе лъураб кIудияб масъала – жидерго иш цебе бачине. Нахъе ралагьичIого гьелъие гIоло къеркьолелги рукIана.

Узлипатица цойги бицана хIалтIизе чагIи ратизе букIунеб захIмалъиялъулги. ЦIакъ захIматаб букIунила жавабиял, хIалтIукьа хIинкъуларел, ракI-ракIалъ хIалтIи гьабулел гIадамал ратизе. ХIалтIиги рогьалилъголъидал байбихьулеб: киназего бокьула радалквание цIияб тIорахь, нису, хIан. Эб бахъизеги заман къваригIунелъул. ЛахIзат кквечIони нисуги хъурун унеб, цIекIаб лъугьуна. Амма Узлипатица киданиги битIичIо тукаде лъикIаб гьечIеб продукт. Гьединлъидалин гьелъул тукабазде гIадамал рикIкIадасаги рачIунел.

– Гьал ахирал соназ фермеразул хозяйствабазе кумек гьабизе лъугьана пачалихъалъги – производствоялъе, оборудование, техника босизе субсидиял кьолеб программа баккана. Жакъа метер нижецаги биччазе буго цIияб автоматазда хIалтIулеб рахьдал линия, – йилан бицана Узлипатица.

Гьелъ абуна цадахъ рекъон хIалтIичIони, иш чебе билълъунарилан.

Женщина Дагестана

1/2023

На аварском языке

Учредитель:
Агентство информации и печати Республики Дагестан.

Главный редактор
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru

Редакционная коллегия:
заместитель главного редактора
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
ответственный секретарь
С. Х. БУЛГАЕВА
редактор русского выпуска
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
редактор аварского выпуска
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
редактор даргинского выпуска
П. Г. ВАГИДОВА
редактор кумыкского выпуска
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
редактор лезгинского выпуска
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
редактор лакского выпуска
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
редактор табасаранского выпуска
С. М. ИСРАФИЛОВА
Корреспонденты:
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
Заведующий редакцией
С. М. ГАМЗАТОВА
Художественный редактор
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
Адрес редакции и издателя:
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru

Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

Телефоны редакции:
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф

Дата выхода в свет 18.02.2023 г.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0102. Тираж (3758) 1081 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

На обложках:
I – Нуцалай Мирзабекова – методист ЦОДОУ ЗОЖ; III – Фотоэтюд М. Омаровой «Зима в Дагестане».

Жал рос-лъади кидаго цоцазда ричIчIулила. Атайица кинабго жинда дандбалила, жийги гьес гьабулелда кидаго тIадрекъолила.

Росасул бицунаго гIажайбго берцинлъула Узлипатил берал. Гьев вуго гьелъие кьучI, кьибил, хъизаналъул аслу. ГIемер хабар букIунарев, мухIканав Атайица ргIаби гьородахъ риччаларо. Босанищ тIаде –тIубазабула.

– Дида гьев киданиги хIалтIи гьечIого вихьичIо. Щиб къо бихьун гьес магIишат гьабулеб бугебали дица бихьулеб бугелъул, дидаги кIоларо ялагьун чIезе, яги ургъичIого гъурущ хвезабизе. Дун кидаго гьесул хьолбохъ йикIуна. Гьесда тIад кIалъазе бакI гьечIо рос, эмен, рукъалъул хважаин хIисабалда. Гьари вуго Аллагьасде дир ясазеги – нижер гьел лъабгоял руго – гьадиналго, инсуда релълъарал, росал щвагийилан.

Расуловазул хъизаналъул гIемерал планал руго. КватIичIого рагьизе вуго «Экоферма Къакъа-Шура» – йилан экопродуктаби ричулеб тукен. Гьениб букIине вуго кинабго: гьанги, рахьги, пихъмичIги, гьоцIоги, хьонги – нилъер дагъистаниязул букIунеб щинаб нигIматха. Гьеб экомаркеталъул проекталъухъ ялагьарай Узлипатил гьурмадасан бичIчIулеб букIана, кигIан хIажат бугеб гьезие гьеб цоги гали ва гьеб тIамизелъун нахъа тун бугеб кIудияб захIматалъул нух. Божулел руго гьел жидер анищал мурадалде щвеялда.

Нилъги божилда Атайидаги Узлипатидаги – чара гьечIого гьезул анищал тIуразе руго.

Сулгият БУЛГАЕВА

Издательский дом «Дагестан»
представляет

Издательский дом «Дагестан» специализируется на выпуске имиджевых для республики печатных изданий, в т. ч. книг дагестанских авторов на русском языке и языках народов Дагестана.

КНИЖНЫЙ МИР
Издательский дом «Дагестан» • МАГАЗИН •

Магазин национальной книги:
г. Махачкала, пр. Р. Гамзатова, 43
Здание Национальной библиотеки, 1 этаж.
Тел. +7 988 267 59 09

Издания приурочены к 90-летию со дня рождения народного поэта Дагестана Фазу Алиевой.

ИНДЕКС ПМ803
6+
Цена свободная
4 651116 280082